Властыр дэтхэнэ къуаншагъэми зэрыхуэфащэкIэ пэщIэувэн хуейщ

КIуэкIуэ Юрий Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Террорым пэщIэтыныжмкIэ и комиссэмрэ КъБР-м и Оперативнэ штабымрэ я зэпэщIэ иригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Храмов Константин, УФ-м и Президентым и полномочнэ лыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым и федеральнэ инспектор Кануниковэ Владимир. КъБР-м щыIэ хабзэхъумэ IэнатIэхэм я унафэщIхэр. Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и IэщащхьэКъуэдзокъуэ Мухьэмэд сымэ.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭР тепсэлъыхьащ «Зэтеува оперативнэ щытыкIэр зыхуэдэмрэ Гъатхэм, лэжьыгъэм я махуэшхэр, Хэку заузшхэм щыщытхьа ТекIуэныгъэр илъэс 69-рэ зэрыпсыкъыр щагъэлъапIэкIэ жылагъуэ щынагъуэщагъэ къызэгъэпэщыныжмкIэ, террорист, экстремист щIэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъунымкIэ лэжьыпхъэхэмрэ я Iуэхум».

КIуэкIуэ Юрий зэIуIцIэм къыщыщыпсалъэм къыхигъэщхьэкIащ щэхурылажьэ бандэхэм зэхащIыхьхэр, ахэр хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэхэм зэратеуэр нэрылъагъуэ нэхъ мащIэ зэрыхъуар, террорист унэтIныныгъэ зиIэ щIэпэщIэхъаджагъэр, хабзэм къемызэгъыу Iэщэ зэрызэрахьэр сэтей къэщIыныжмкIэ лэжьыгъэр зэрефIэкIуар. Абы къыхэкIуэу КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм жиIащ щIэпхъаджагъэ хьэлъэу ятхахэр дызэрыпльэсым и япэ кварталым нэхъыбэ хъууэ зэрыхуежьар, уэрамхэм хабзэншагъэхэр зэрыщалэжьым, гъуэгуэхм щIэщхъу куэд къызэрыщыхъум зэригъэпIейтейр.

ЩIыналъэм щыIэ хабзэхъумэ органхэмрэ Террорым пэщIэтыныжмкIэ лъэпкъ комитетымрэ къат хъыбархэм къызэрагъэлъагъэмкIэ, террорист, экстремист къарууэ Кавказ Ищхьэрэм и щIыналъэм щыIэхэм дызыхуэкIуэ гуфIэгъуэ махуэхэм я щхьэр къалэтынкIэ шынагъуэ зэрыщIыр. Абы къыхэкIыу КIуэкIуэ Юрий къалэну къигъуэваща апхуэдэ щIэпхъаджагъэхэр къэмыхъуи папщIэ зыхуэфащэ Iуэхуэгъэ ялэжьыну, цIыхухэр сакъыу зэрыщытыным хуагъэсэну. Властым дэтхэнэ къуаншагъэми зэрыхуэфащэкIэ пэщIэувэн хуейщ, - къыхигъэщхьэхукIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ.

ЗэIущIэм хэтахэр нэгъуэщI Iуэху зыбжанэми тепсэлъыхьащ икIи абыхэм ялкъ иткIэ яубзыхуащ накъыгъэ маазэм и пэщIэдзэм екIуэкIыну гуфIэгъуэхэм хэтыну цIыхухэм шынагъуэ къатемыгъэхьэным хуэунэтIа Iуэху пыухыкIахэр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэ.

Республикэм егъэджэныгъэрэ щIэныгъэкIэ и зэфIэкIым къыпэкIуэм хэгъэхъуэн

Правительствэм и унэм КIуэкIуэ Юрий щIыпIащ Урысей Федерацэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Огородовэ Людмилэрэ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и Аттестацэ комиссэ нэхъыщхьэм и тхьэмадэ Филиппов Владимиррэ.

2013 гъэм щызэрахьа бзаджагъэхэр къамыгъэхъуу Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэгъэпэщыныжмрэ щагъэкIуэкIыныжмрэ ехьэлIа Iуэхугъуэхэм ахэр тепсэлъыхьащ. Псом хуэмыдэу гупсысэ пыухыкIа хуащIащ республикэм и щIыналъэм щыIэ егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и Iуэхущ IапIэхэм я зэфIэкIым къыпэкIуэм хэгъэхъуэным.

Иужьрей илъэситхум федеральнэ бюджетым къыхэкIыу ахэр даIыгъын папщIэ мылъкушхэр къаутIыпщащ, арщхьэкIэ абыхэм къапэкIуар халъхьэм ельытыгъуейщ.

ЗэIущIэм хэтахэр зэакъылэгъу хъуащ егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я Iуэхущ IапIэхэр зэпэгъунэгъу щIыныжмкIэ, Iэщ IагъэлI зэмылIэужьыгъуэхэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыныжмкIэ лэжьыгъэхэхэмкIэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэ.

Пшыхьхьэр

Щэнхабзэм и илъэс

2014 гъэр Щэнхабзэм и илъэсу ди къэралым щагъэуващ. Ар гуфIэгъуэ щытыкIэм иту къыщызэIуахащ Налшык и Къэрал киноконцерт гъэлэрэгъапIэм. Дмитрий Лихачев и «Щэнхабзэр щымыIэмэ, цIыхур дунейм щытестым и мыхьэнар мэкIуда» псалъэхэр эпиграф зыхуащIа пшыхьым удихьэхыт, щIыхьэпIэм деж щегъэжьауэ зыхэпщIэрт махуэшхуэм уэрэрыхьхьэр.

IУЭХУЩIАПIЭМ и бжэIупэм макъамэ дахэр щыIурт, республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ я къэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ гупхэм я зэфIэкI зэрагъэлъагъуэм щIэжьауэу. АдэкIэ укIуатэмэ, Киноконцерт гъэлъэгъуапIэм и пэIущIэ пэшыр Iэдакъэщ IэкI тельыджэхэм яуфэбгъуат. Декоративно-прикладной, сурэтыщI гъэзаджэхэм я гъэлъэгъуэныгъэр, сабий творчествэмкIэ выставкэр гъэщIэгъуэнт, пхъэм, абджым, кхъуэщыным, жэзым, нэгъуэщIхэми къыхэщIыкIа лэжьыгъэхэмрэ дыщэидэм, лъэпкъ фащэхэр дыным хуэIэкIуэлъакIуэхэм я лэжьыгъэхэмрэ щIыуэпсэ дихьэхат. ЕтIуанэ къатым удокIуейри - абыи къыщыпещэ гъэлъэгъуэныгъэм...

ЩIэнхабзэм и илъэсыр къыщызэIуахым щращIэкI концертыр щекIуэкIыну пэшым щIыхуэр щIэхъуащ. КъБР-м и Къэрал филармонием и симфоние оркестрыр утыкум зэрисым къиГъэльагъуэрт ар гукъинэж, щIэщыгъуэ зэрыхъужнур. Шостаковичи Дмитрий и «Махуэшхуэ увертюра» макъамэ лъэщмкIэ къызэIуаха пшыхьым япэ хэр диIыгъащ Яриловэ Ольгэ. Абы къыхигъэщащ щэнхабзэ IуэхущIапIэхэм программэ зэхахэмкIэ ахъщэ къызэрыхуагъэIыпщынур, псом хуэмыдэжу къуажэхэм, районхэм щыIэхэм гулъытэ хуащIыну зэрамурадыр. Зыхуэныкъуэ елытауэ, хэт автобускIэ, хэт макъамэ Iэмэпсымэкъэ, хэтхи нэгъуэщI хьэпшып мыпудэмкIэ къызэрагъэпэщынущ. «Руслани жиIауэ, тIэкIу мащIэуэзыхуэвгъэшэчыж», - щIигъэжащ хьэщIэм. ЩэнхабзэмкIэ къыщыкъуэкIэ куэд зэрызэфIитIэкIым и щIыхьэту, Яриловэр зи лЫкIуэ министерствэм и фIыщIэ тхьыль фIырэ Русланрэ къритащ.

Апхуэдэуи ар къеджащ Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ и министр Мединский Владимир къыбгъэдэкI хъуэхъу тхыгъэм. ЩэнхабзэмкIэ и илъэсыр щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ къулей Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыщызэIуахым фIыгъуэ куэд къыдэкIуэну зэригуапэр кхыхощ абы.

Пшыхьым я цIэ хъущрауащ ди республикэм и Iэтащхьэм и унафэкIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр зыхуагъафэпэхэм. Апхуэдэхэщ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актерхэу Мысост Вадимрэ Шал (КIэхумахуэ) ФатIимэрэ, Бачиев Хьэжадут (Балъкъэр драмэ театр), Килесэ Наталье (Музыкэ театр), Жылэ Мурат (Жэмтхьалэ къуажэ, ГуэзаджэхэмкIэ сабий школ), Гузиев ТIэхьир (Тишлы-Таха ЩэнхабзэмкIэ и унэм и унафэщI), Музыкэ театрым и балет труппэм и артистхэу Хьэкъул Анжелэрэ Гейцай Натальерэ.

Пшыхьыр ягъэдэхащ зи цIэ къитIуа, КъБР-м и Къэрал филармонием и симфоние оркестрым и артистхэм (дирижерыр Темыркан Борисщ), СКГИИ-мрэ абы Щэнхабзэмрэ гъуэзджэхэмкIэ и колледжымрэ я хорым (художественнэ унафэщIыр Мыд Мадинэщ), уэрэджыIакIуэ цIэры-Iуэхэу Мамбэт Мадинэ, Кабардоковэ Зухра, Щэрджэс Iэсият, Сокъуэ Ольгэ «Кабардинка», «Балкария», «Терские казаки», «НалцIыкIу» гупхэм, ГуэзаджэхэмкIэ сабий школхэм я хорым (дирижерыр ЩэнхабзэмрэгъуэзджэхэмкIэ институтым и егъэджакIуэ Гридасов Геннадийщ).

ИСТЭПАН Залинэ.

ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№81-82 (22.740) ● 2014 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 29, гъубж ● ТхьэмахуэМ тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КIуэкIуэ Юрий «Адыгэхэр: тхыдэмрэ иджырей лъэхъэнэмрэ» дунейпсо щIэныгъэ конференцым хэтхэм я пащхьэ къыщопсалъэ

Ди газетым зэрытетащи, Бэрбэч Хьэтlутlэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ щекIуэкIащ «Адыгэхэр. тхыдэмрэ иджырей лъэхъэнэмрэ» дунейпсо щIэныгъэ конференц. КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий а зэIущIэшхуэм къыщыпсэлъар нобэ тыдодзэ:

ТХЫДЭМ дызэреплъыр сыт хуэдизкIэ зэщхьэщыкIми, дэтхэнэ бгъэдыхьэкIми дэ пщIэ хуэтщIын хуейщ, сыту жыпIэмэ, ар ди адэжьхэм я псэукIам, ди лъэпкъым и псэукIэм теухуащ.

Конференцым зыщытепсэлъыхьыну Iуэхугъэмрэ абы къырихьэлIэхэмрэ щыгъуазэ зыпщIа нэужь, къыбгуроIуэ адыгэ тхыдэм пыща Iуэху нэхъ зэIумыбзу иужьрей илъэс тIощI хуэдизым зэпымыууэ къаIэтхэмрэ зытепсэлъыхьыхэмрэ нэхъ гурыIуэгъэ хъунымкIэ мы зэхьхьэм мыхьэнэ пыухыкIа иIэн зэрыхуейр.

Сэ шэч къытесхьэркъым конференцым, абы хиубыдэу къызэрагъэпэщыну зэIущIэ щхьэхуэхэм, щекIуэкIыну псалъэмакъэр адыгэ тхыдэм и пэжыпIэр нэхъ нэгъэсауэ уб зыхьхьэм мыхьэнэ пыухыкIа иIэн зэрыхуейр.

Сэ шэч къытесхьэркъым конференцым, абы хиубыдэу къызэрагъэпэщыну зэIущIэ щхьэхуэхэм, щекIуэкIыну псалъэмакъэр адыгэ тхыдэм и пэжыпIэр нэхъ нэгъэсауэ уб зыхьхьэм мыхьэнэ пыухыкIа иIэн зэрыхуейр.

Сэ псом хуэдизкIэ зэщхьэщыкIми, дэтхэнэ бгъэдыхьэкIми дэ пщIэ хуэтщIын хуейщ, сыту жыпIэмэ, ар ди адэжьхэм я псэукIам, ди лъэпкъым и псэукIэм теухуащ.

Конференцым зыщытепсэлъыхьыну Iуэхугъэмрэ абы къырихьэлIэхэмрэ щыгъуазэ зыпщIа нэужь, къыбгуроIуэ адыгэ тхыдэм пыща Iуэху нэхъ зэIумыбзу иужьрей илъэс тIощI хуэдизым зэпымыууэ къаIэтхэмрэ зытепсэлъыхьыхэмрэ нэхъ гурыIуэгъэ хъунымкIэ мы зэхьхьэм мыхьэнэ пыухыкIа иIэн зэрыхуейр.

Сэ псом яхуэгъэзэ бгъэдыхьэкIэу, Iуэху епIлъыкIэу зыкIи зэтемыхуэхэр щыIэми, абыхэм пщIэ яхуэщIыпхъэщ, сыту жыпIэмэ, ахэр ди лъэпкъым и гъащIэм, дяпэ ита щIэблэхэм я псэукIам ехьэлIащ, апхуэдэу щыщыткIэ, хэкум и тхыдэр ди лъэпкъ къыхэщхьэкуКIыныгъэм, ди щэнхабзэ - тхыдэ гупсысэкIэм и лъэбжьэщ».

СызэреплъымкIэ, къэралым и Iэтащхьэм а и псалъэхэм яубзыху адыгэ тхыдэм теухуа нобэрей ди псалъэмакъэр унэтIын зэрыхуей щыкIэр.

(КIэухыр 3-нэ нап.).



Эйфель и чэщанэм деж щытыр Къэзанэ Людмилэщ. *Париж, 2014 гъэ мэлыжьыхьым и 22*

● Мэлыжьыхьым и 29-р Къафэм и дунейпсо махуэщ

Щамырзэхэ я вагъуэ

Къафэм и махуэр ягъэлъапIэ франджы балетмейстер цIэрыIуэ, къафэ гъуэзджэм и теоретик ин Новер Жан Жорж къыщалъхуа махуэм и щIыхькIэ.

Урысейпсо къэрал телерадиокомпанием и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Къэзанэ Людмилэ я пашэу Париж фильм иджыблагъэ щытрахащ Щамырзэ Моникэ (Черинэ Людмилэ) теухуауэ. А лэжьыгъэшхуэр ди журналистхэм тыгъэ хуащIащ Къафэм и дунейпсо махуэм.

ЩАМЫРЗЭ Моникэ теухуа фильм Къэзанэм игъэхьэзырыну илъэс зыбжанэ и пэ мурад ящIауэ щытащ. Ар зи жэрдэмри Iуэхум тезыгъэгушхуари Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдщ. Абы щыгъуэм Щамырзэм теухуа тхылъыр Мухьэмэд Къэзанэм тыгъэ хуищIауэ щытащ, адыгэ бзылъхугъэм къафэм щиIэ зэфIэкI иным теухуа лэжьыгъэ интэхьэзырэ, цIыхухэм гъэщIэгъуэн зэращыхъунур жиIэри. ИкIи Людмилэ чэнджэщ иритащ Iэмал имыIэу абы и ужь ихьну. Фильмым и автор Къэзанэ Людмилэ, продюсер Иуан Аллэ, режиссер Щокъарэ Мадинэ, оператор Тэхъу МуIэед сымэ Франджым кIуэри фильмыр трахащ.

- Илъэсищ и пэ ди Iуэхущ IапIэм режиссеру щыIэжьыну къэтщтауэ щытащ Щокъарэ Мадинэ. ГъуэзджэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтыр къэзуха хъыджэбзым и диплом лэжьыгъэр зытриихуауэ щытар ди лъэпкъэгъу бзылъхугъэ цIэрыIуэхэу Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан, Щамырзэ Моникэ, Шарлоттэ ХьэФишэт (Аиссе) сымэ я зэфIэкIырт. Мадинэ и Iуэху епIлъкIэхэр, и гупсысэкIэхэр сигу ирихьри, лэжьакIуэ къэсщтауэ щытащ, - пещэ Людмилэ. - Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан теухуа фильмыр илъэситI и пэ ди Iуэхущ IапIэм игъэхьэзыращ. Абы щыгъуэм дубзыхуат хамэ къэралым цIэрыIуэ щыхъуа адыгэ бзылъхугъэхэм ятеухуа фильмхэр дгъэхьэзырыну. Тхьэмахуэ и пэкIэ ди хъуэкIапIэр къыдахъуIащ. Париж дыкIуэри, Щамырзэ Моникэ теухуа фильмыр тетхащ.

Къэзанэ Людмилэ къызэрыджиIамкIэ, Щамырзэ Моникэ и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ теухуауэ Интернетым къыщымыгъуэтыну хъыбар гъэщIэгъэун, щIэ куэд зэхуахьэсащ, ар зыцIыхуу, абы и literature къуэгъуэтыжри, ягъэкъэбзащ.

(КIэухыр 3-нэ нап.).

Адыгэ щIалэгъуалэр зэрыIыгъщ

● Лъэпкъ Iуэху

Абхъаз Республикэм и къалащхьэ Сыхум мэлыжьыхьым и кIэуэ махуэхэм щызэхащIыжащ Адыгэ щIалэгъуалэм я яр дунейпсо зэхуэсыр. Щыхуэ 100-м щIигъу зыхэта а лъэпкъ зэхуэсыншхуэм и лэжьыгъэр кунщIафIэу, Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэнэмрэ зэхуэдэ хьэлэмэтхэмкIэ гъэнщIауэ екIуэкIащ.

АДЫГЭ щIалэгъуалэм я дунейпсо зэхуэсыр къызэгъэпэщыным и жэрдэмщ ІакIуэ хъуар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и щIалэгъуалэрщ. Абыхэм я жэрдэмыр даIыгъащ КъБКъУ-р илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм къэзыуха, хамэ къэралхэм щыпсэу щIалэгъуалэм, Кавказ Ищхьэрэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студентхэм я зэгухьэныгъэхэм. Iуэхур къызэхуэтынщIэу екIуэкIыным и зэфIэкI хилъхьащ УФ-м ЩIыналъэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм. Апхуэдэу къару зэкъуэткIэ ирагъэжьа зэхьхьэм кърихьэлIащ дуней псом щикъуэха адыгэхэм я щIэблэ дахэр. Урысей Федерацэм щыпсэу адыгэ щIалэгъуалэм я IыкIуэхэм я зэхуэсым къекIуэлIащ США-м, Германием, Абхъазым, Тыркум, Иорданием, Сирием, Израильм, Хьэрыш Эмират Зэгуэтхэм щыщ ди лъэпкъэгъу щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ.

Дунейпсо зэхуэсым и лъжьыгъэр унэтIныныгъащкIэ убзыхуауэ екIуэкIащ. Апхуэдэхэт «Иджырей Урысеймрэ хамэ къэралхэмрэ щыпсэу адыгэхэр», «Адыгэ хабзэ - лъэпкъым и хабзэ нэхъыщхьэ», «Адыгэ щэнхабзэр хъуэмэным щIалэгъуалэм хуащI хэлъхьэныгъэр. КъБКъУ-м иригъэкIуэкI Iуэхугъуэхэр». Зэхуэсым кьриубыдэу къызэрагъэпэща зэIущIэ хьэлэмэтхэм ящыщщ КъБКъУ-м щекIуэкIа «Адыгэ щIалэгъуалэмрэ дунеймрэ» «стIол хъуэрейр». Абы хьэщIэхэр щыхуэзащ КъБР-м и унафэщIхэм, щIыпIэм и еджапIэхэм я студентхэм, Сирием, нэгъуэщI къэралхэм кьикIыжауэ ди республикэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм. ИужькIэ ахэр иратэблэгъащ Краснодар краймрэ икIи Сочэ дащIыха олимп хуэныгъэхэм зыщрагъэпIыныхащ, щIыналъэм и щIалэгъуалэми яхуэзащ.

Мэлыжьыхьым и 25-м Абхъаз къэрал университетым щекIуэкIащ дунейпсо щIалэгъуалэ зэхуэсым щыпащэ зэIущIэ. Урысеймрэ Абхъазыбгъэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэм, абыхэм адыгэхэм кьыхуахьыфыну зыуэзащIыныгъэхэм щыпсэлъыхьащ «стIол хъурей» щыкIэу къызэрагъэпэща я зэхуэсым. Ар иуха нэужь, Iэтауэ зэхуэщIыжащ Адыгэ щIалэгъуалэм я яп дунейпсо зэхуэсыр. Ахэр зэбгрыкIыжащ ныжьыкъэгъуэщIэр зэрагъэпэщауэ, къэкIуэнум мурадыщIэхэр хуаIэу, къызыхэкIа лъэпкъым папщIэ гушхуэныгъэ яхэлъу.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.



ЗэкIэлъыкIуэну хуейм э

Евросоюзым хьхьэ къэралхэм кIуэн щхьэкIэ Молдовэм и цIыхухэр иджы виз хуеижыну-кым.

«Европэ зэгухьэныгъэр зи телъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэмрэ ди цIыхухэр визэншэу зэкIэлъыкIуэну хуит зэрыхьэмрэ гугъапIэ къыдат Приднестровьем илъэс куэд лъандэрэ щыIэ зэпэщIэтыныгъэр нэхъ къэтIэсхъэныжмкIэ икIи щытыкIэрефIэкIуэжыныжмкIэ», - жиIащ Молдовэм и премьер-министр Лянкэ Юрие.

Абы къызэриIытымкIэ, Украинэм щекIуэкI гуэзвэгъуэм зи щхьэр къыхэзыхыну хуей куэдым Молдовэр екIуэлIапIэу къыхахынкIэ хъунущ.

Парламентри президентри щыхах

Вэсэмахуэ Македониемкъ щекIуэкIащ парламент хэхыныгъэхэр. Абы щыгъуэу къызэрагъэпэщат президент хэхыныгъэм я етIуанэ Iыхьэри.

Iэ щаIэта хэхыпIэ участкхэм я процент 99-м къата бжыгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, парламентым бжыпIэр щызыIыгъынур Македониемкъ и лъэпкъ зэкъуэтныныгъэм и партыщ - Iэ зыIэта псоми я процент 42-м щIигъур зи телъхьэр аэрщ. Абы къеныкъуэкъуа Социал-демократие зэгухьэныгъэ оппозиционнэ партым етIуанэ увыпIэр иIыгъщ - процент23-м нэблагъэ кхихьауэ.

Къэралым и президент Иванов Георгий а къуэлыкъум иджыри зы пIалъэкIэ къытенэжащ - хэхакIуэхэм я процент 56-м щIигъум Iэ хуаIэтащ абы.

Дэтхэнэ хэхыныгъэми хуэдэу, мыбыи къаугъэ къызэкIащ: бжыпIэр зылъымысам текIуэхэр егъэжъанщэ хабзэр къызэпаудауэ. «Мы хэхыныгъэхэр тфIадыгъуэщ», - жиIащ оппозицэ партым и унафэщI Заев Зоран.

Политологхэм къызэралъытэмкIэ, апхуэдэ зэдаущхьэм къикIын щыIэкъым. «Къэхъуар къэхъуащ, адэкIэ псори зэрыщытын хуейм хуэдэу екIуэкIынущ. Пэжщ, хабзэм щебэкъуа зэхэмыуи къыхэхуащ, ауэ ахэр зыкIи зэрани сэбэпи хуэхъуфынутэкъым мы хэхыныгъэхэм», - жаIащ IэIэтыр зэрекIуэкIам кIэльыпльахэм.

ЦIыху 682-рэ ягъэкъуаншэ

«Муслъымэн зэкъуэшхэр» зэщIэхъеенныгъэм и Iэтащхьэ икIи и унэтIакIуэ Бадиа Мухьэммэдрэ абы и унафэхэр зыгъэзэщIа цIыху 682-мрэ я хьэкумыр укIкIэ щащIащ Мысырым.

А унафэр ягъэзэщIэн щхьэкIэ, Мысырым и хабзэхэм къызэрагъэувым ипкъ иткIэ, къэралым и муслъымэн Iуэхущ IапIэм и унафэщIым и арэзынгъи хуейщ.

Судыщ Iэхэр апхуэдэу хэпльэжащ зэлэжьа щIапхъаджагъэхэм папщIэ укIын хуейуэ гъатхэпэм зи суд ящIауэ щыта цIыху 529-м я Iуэхум. Абыхэм я нэхъыбапIэм хуэзэрахъуэ-Iыжащ тральхъауэ щыта тезырыр - иджы ахэр игъащIэкIэ тутнакъэщым исынущ.



♦Къафэм и дунейпсо махуэщ
♦Химие Iэщэр къызэрагъэсэбэпам и зэранкIэ хэкIуэдахэм я фэеплъ мазущ
♦Чуваш Республикэм щагъэлъапIэ и къэрал дамыгъэхэм я махуэр.
♦1770 гъэм Австралиер къахутащ.
♦1942 гъэм Кьардэн Къубатий Ленин орденыр етIуанэу яратащ.
♦1964 гъэм ЩоджэнцыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэуващ «Лалуцэ» яп адыгэ балетыр.
♦1810 гъэм къалъхуащ урыс сурэтыщI, генерал-майор Гагарин Григорий.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриттымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градус 12 - 15 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ЩIэм дежьи, жьым дэшхэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хуэм телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Социально-экономикэ зыужьыныгъэм ехьэлІауэ зыхущІэкъуэкр къаэрехъулІэмрэ Урысей Федерацэм и Президентым и указ щхьэхуэхэр зэрагъэзащІэмрэ кІэлъыплъыныжьмкІэ щыІэ советым и деж ведомствохэм эдэйуэ къыщызэрагъэпэщ лэжьакІуэ гупхэм хэтхэр къэщтэным теухауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

2014 гъэм гъатхэпэм и 31-м ***№25-РГ***

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Социально-экономикэ зыужьыныгъэм ехьэлІауэ зыхущІэкъуэкр къаэрехъулІэмрэ Урысей Федерацэм и Президентым и указ щхьэхуэхэр зэрагъэзащІэмрэ кІэлъыплъыныжьмкІэ щыІэ советым и деж ведомствохэм эдэйуэ къыщызэрагъэпэщ лэжьакІуэ гупхэм хэтхэр къэщтэным теухауэ

1. Къэщтэн мы Унафэм щыІэнухэр:

а) «Зэман кІыхьым тещІыхьауэ къэралым иригъэкІуэкІ экономикэ политикэм и Іуэхукіэ» 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №9596-р гъэзэщІэныжьмкІэ ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым хэтхэр;

б) «Къэралым и социальнэ политикэр пхыгъэкІыныжьмкІэ зэфІагъэкІыпхъэхэм я Іуэхукіэ» 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №9597-р гъэзэщІэныжьмкІэ ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым хэтхэр;

в) «Узыншагъэр хъумэным хэзгъэзэауэ къэралым иригъэкІуэкІ политикэр егъэфІэкІуэным и Іуэхукіэ» 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №598-р гъэзэщІэныжьмкІэ ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым хэтхэр;

г) «Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ яхуэгъэза къэрал политикэр пхыгъэкІыныжьмкІэ зэфІагъэкІыпхъэхэм я Іуэхукіэ» 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №599-р гъэзэщІэныжьмкІэ ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым хэтхэр;

д) «Урысей Федерацэм и Іуэхуэр тыншыпІэ псори зиІэ псэупІэ езэгъэрабгъэжьмкІэ къызэгъэпэщныжьмрэ псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхъэбзэхэм я фІагъыр къэІэтыныжьмкІэ лэжьыпхъэхэм я Іуэхукіэ» 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №600-р гъэзэщІэныжьмкІэ ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым хэтхэр;

е) «Къэрал унафэр зэрызэрагъакІуэр егъэфІэкІуэныжьмкІэ унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №601-р гъэзэщІэныжьмкІэ ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым хэтхэр;

ж) «ЛъэпкъэМ я зэгурыІуэныгъэр зэтегъэувэным и Іуэхукіэ» 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа Указ № 602-р гъэзэщІэныжьмкІэ ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым хэтхэр.

з) «Урысей Федерацэм и демографие политикэр пхыгъэзэкІыпхъэхэм я Іуэхукіэ» 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №606-р гъэзэщІэныжьмкІэ ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым хэтхэр.

2. Мы Унафэм кьарулэт егъэзэ Іэщыщ Іэзда махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм гъатхэпэм и 31-м къыдигъэкІа Унафэ №25-РГ- мкІэ къыщыщ

«Зэман кІыхьым тещІыхьауэ къэралым иригъэкІуэкІ экономикэ политикэм и Іуэхукіэ» 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №9596-р гъэзэщІэныжьмкІэ ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым хэтхэр

Алтуд Ю. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и Іэпэ къуэдзэр *(ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым и унафэщІ)*

Мусуков А. ТІ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр *(ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым и унафэщІым и къуэдзэ)*

Быышэ А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъуэр

Гъащтэ А. А. - Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и ЩІыналъэ органу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(эзгурыІуэу)*

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр

КІэрэф М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министр

Кладько И. Е. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкІэ и министр

Къудей А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэр

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министр

Тонконог А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІымрэ мылькумрэ я Іуэхухэмкіэ и къэрал комитетым и унафэщІыр

Тутыкъу А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министр

Чочаевэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм социально-экономикэ зэхъуэкІыныгъэхэмкІэ и департаментым и унафэщІыр *(ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым и секретарь)*

ЩІыхьмырэз М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр

ШІэт И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и министр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм гъатхэпэм и 31-м къыдигъэкІа Унафэ №25-РГ- мкІэ къыщыщ

«Къэралым и социальнэ политикэр пхыгъэкІыныжьмкІэ зэфІагъэкІыпхъэхэм я Іуэхукіэ» 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №9597-р гъэзэщІэныжьмкІэ ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым хэтхэр

Марьяш И. Е. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ Іым и Іуэхуэр *(ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым и унафэщІ)*

Тюбеев А.И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министр *(ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым и унафэщІым и къуэдзэ)*

Афашоковэ Р.Д. - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и япэ къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Бажэ Д.М. - Лэскэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и унафэщІым и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Дэхъушокъуэ И.И. - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и япэ къуэдзэр

Емуз Н.Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр

Жанатаев С. А. - Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Къаздэхъу О. Гъу. - Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

КІэрэф М.А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министр

КІэрэф М.А. - Тэрч муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Клешня Л.С. - Прохладнэ къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Къумахуэ М.Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министр

Кьущхьэ Р.А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэр *(ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым я секретарь)*

ЛутІ А.Г. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Полиенкэ О.И. - Май муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Рэмэзан Р.Хь. - Шэрдж муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Уянаевэ А.М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъуэр

Хэжь З.М. - Бахъсэн къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Шэт И.М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и министр

Щоджэн Р.Хь. - Аруан муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм гъатхэпэм и 31-м къыдигъэкІа Унафэ №25 -РГ- мкІэ къыщыщ

«Узыншагъэр хъумэным хэзгъэзэауэ къэралым иригъэкІуэкІ политикэр егъэфІэкІуэным и Іуэхукіэ» 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №598-р гъэзэщІэныжьмкІэ ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым хэтхэр

Марьяш И.Е. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и Іуэхуэр *(ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым и унафэщІ)*

ШэтИ.М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и министр *(ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым и унафэщІым и къуэдзэ)*

Бэракъ Р.О. - ЩІхуэакІуэхэм я хуитыныгъэхэм кьыщыхьэщыжьныжьмрэ щІыхуэм и зэІузэпэщ псэуКІэмрэ я Іэнатіэм щыкІэлъыплъныжьмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал санитар дохутыр нэхъыщхьэр *(эзгурыІуэу)*

Гаевэ А.А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и министрым и къуэдзэр *(ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым и секретарь)*

Гъащтэ А.А. - Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и ЩІыналъэ органу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым *(эзгурыІуэу)*

Дроздов И. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІыр

Емуз Н.Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр

Жанатаев С. А. - Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Къаздэхъу О. Г. - Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

КІэрэф М.А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министр

КІэрэф М.А. - Тэрч муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Литовченкэ Т. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым и унафэщІыр *(эзгурыІуэу)*

ЛутІ А.Г. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Рэмэзан Р.Хь. - Шэрдж муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Расторгуевэ С.А. - Узыншагъэр хъумэнымрэ социальнэ зыужьыныгъэмрэ я Іэнатіэм щыкІэлъыплъныжьмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр *(эзгурыІуэу)*

Тюбеев А.И.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министр

Уянаевэ А.М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм гъатхэпэм и 31-м къыдигъэкІа Унафэ №25-РГ-мкІэ къыщыщ

«Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ яхуэгъэза къэрал политикэр пхыгъэкІыныжьмкІэ зэфІагъэкІыпхъэхэм я Іуэхукіэ» 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №599-р гъэзэщІэныжьмкІэ ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым хэтхэр

Фырэ Р.Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и Іуэхуэр *(ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым и унафэщІ)*

Афашоковэ Р.Д. - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и япэ къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Бажэ Д.М. - Лэскэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Гъащтэ А.А. - Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и ЩІыналъэ органу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым *(эзгурыІуэу)*

Дэхъушокъуэ И.И. - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и япэ къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Емуз Н.Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр

Жанатаев С. А. - Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Жилинэ С. А. - Шэджэм муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Къаздэхъу О. Гъу. - Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

КІэрэф М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министр

Клешня Л. С. - Прохладнэ къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

ЛутІ А. Г. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Отаровэ Р. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъуэр

Полиенкэ О. И. - Май муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Рэмэзан Р. Хь. - Шэрэдж муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Хэжь З. М. - Бахъсэн къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Хъущт А. А. - Тэрч муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и япэ къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Щоджэн Р.Хь. - Аруан муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм гъатхэпэм и 31-м къыдигъэкІа Унафэ №25-РГ-мкІэ къыщыщ

«ЛъэпкъэМ я зэгурыІуэныгъэр зэтегъэувэным и Іуэхукіэ» 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа Указ № 602-р гъэзэщІэныжьмкІэ ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым хэтхэр

Фырэ Р. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и Іуэхуэр *(ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым и унафэщІ)*

Афашоковэ Р. Д. - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и япэ къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Бажэ Д. М. - Лэскэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Гъащтэ А. А. - Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и ЩІыналъэ органу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым *(эзгурыІуэу)*

Дэхъушокъуэ И. И. - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и япэ къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр

Жанатаев С. А. - Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Жилинэ С. А. - Шэджэм муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Жанкишиев Ж. Хь. - Шэджэм муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Къаздэхъу О. Гъу. - Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

КІэрэф М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министр

КІэрэф М. А. - Тэрч муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Клешня Л. С. - Прохладнэ къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Кьущхьэ Р. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэр *(ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым и секретарь)*

ЛутІ А. Г. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Полиенкэ О. И. - Май муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Рэмэзан Р. Хь. - Шэрэдж муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Тхъэгъэлэдж З. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІыхуэхэр лэжьапІэкІэ къызэгъэпэщныжьмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІыр

Уянаевэ А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъуэр

Хэжь З. М. - Бахъсэн къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Щоджэн Р. Хь. - Аруан муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм гъатхэпэм и 31-м къыдигъэкІа Унафэ №25-РГ-мкІэ къыщыщ

«Урысей Федерацэм и демографие политикэр пхыгъэкІыныжьмкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм я Іуэхукіэ» 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №606-р гъэзэщІэныжьмкІэ ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым хэтхэр

Марьяш И. Е. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и Іуэхуэр *(ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым я унафэщІш)*

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министр *(ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым я унафэщІым и къуэдзэщ)*

Афашоковэ Р. Д. - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и япэ къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Бажэ Д. М. - Лэскэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и унафэщІым и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Гъащтэ А. А. - Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и ЩІыналъэ органу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым *(эзгурыІуэу)*

Дэхъушокъуэ И. И. - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и япэ къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр

Жанатаев С. А. - Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Жанкишиев Ж. Хь. - Шэджэм муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Къаздэхъу О. Гъу. - Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

КІэрэф М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министр

КІэрэф М. А. - Тэрч муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Клешня Л. С. - Прохладнэ къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Кьущхьэ Р. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэр *(ведомствохэм эздай лэжьакІуэ гупым и секретарь)*

ЛутІ А. Г. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Полиенкэ О. И. - Май муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Рэмэзан Р. Хь. - Шэрэдж муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Тхъэгъэлэдж З. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІыхуэхэр лэжьапІэкІэ къызэгъэпэщныжьмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІыр

Уянаевэ А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъуэр

Хэжь З. М. - Бахъсэн къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

Щоджэн Р. Хь. - Аруан муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(эзгурыІуэу)*

КІуэкІуэ Юрий «Адыгэхэр: тхыдэмрэ иджырей лъэхъэнэмрэ» дунейпсо щІэныгъэ конференцым хэтхэм я пащхьэ къыщопсалъэ

(КІэуэхыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Кавказ зауэр адыгэхэм я тхыдэм и напэкІуэцІ нэхъ хьэлъэ дыдэхэм ящыщщ

Зы мазэ нэхъ р нэхъ мащІэщ къэнэжар Кавказ зауэр зэриуэрэ илъэси 150-рэ ирикъуным. Гуэзвагъэуэшхуэ къызыдэкІуа а тхыдэ къэхъукъащІэм и Іыхьэ куэдым иджыпсту псалъэмакъ тКІийэкр кърокІуэ. Ауэ сыт хуэдэу хэт абы бгъэдэлъхьэми, шэч къызытиумыхьажыныр зыщ: Кавказ зауэр адыгэхэм я тхыдэм и напэкІуэцІ нэхъ хьэлъэ дыдэхэм ящыщщ. Абы къыхэкІыу адыгэхэм хуитыныгъэ яІэщ дяпэ ита щІэблэхэм ящэчэ бэлыхьымрэ абыхэм ягъуэта хэщІыныгъэхэмрэ ящхьэгъэщ пщІэ ягъуэтыжыну щыгугъыну.

Абы кІыдэкІуэу, лъэпкъыр езым и блэкІам зэрыщыгъуазэм, а блэкІам зэпІэзэрыгуфыкІ ирикІ куууэ зэрыбгъэдыхьапхъэм мыхьэнэшхуэ зэриІэм къыдэкІуэу, къэгъэлъэгъапхъэщ цІыхур зэпІэкІыж зэпыту зэрымыпсэуфынур. Ар гъащІэм и хабзэхэм къеззэгъыркъым. Апхуэдэу къеззэгъыркъым блэкІам и губжьыр зэпымыууэ къыдэбгъэжьжыныр икІи абы тещІыхьауэ уи дуней тетыкІэр бубзыхуныр. Псори дызэрыщыгъуазэщи, лъэхъэнэ пыуухыкІахэм гуззвэгъуэ зымыгъэнэхуэ икІи хэщІыныгъэшхуэ зымыгъуэта лъэпкъ щыІэкъым. Абы и лъэныкъуэкІэ капащтэмэ, нобэрей адыгэхэм фІыуэ къагуролуэ блэкІа зэманым шэрджэсхэм я мызакъуэу, Урысейм ис нэгъуэщІ лъэпкъ куэдми, абыхэм урысхэри ахэту, гуззвэгъуэ куэд къаззарлъыкъуэкІар. Абы къыхэкІыу ди цІыхухэм нэгъуэщІ лъэпкъэр гъэпудыныр и лъабжьуэ езыхэм я щхьэр къаІэтыну хущІэкъуркъым.

Апхуэдэ зэхэщІыкІым и щІыхьэт наІуэщ Сочэ къаІэм щекІуэкІа Олимпиадэм адыгэ зэгухьэныгъэхэм къыхуагъуэта бгъэдыхьэкІэр. Ар фІыщІэ ищІу УФ-м и Президент Путин В. И. къыщыхигъащІ XXII ЩІымахуэ Олимп зэхьэзэхуэр гъэхьэзырыныр егъэкІуэкІыныкІэ ЖылагъуэкІ советым хэтхэм щепсалъэм.

Кавказ зауэм хэта псоми ягъуэта хэщІыныгъэм и инагъыр къагурІуэрэ икІи хэкІуэдахэм я фэеплъыр ягъэлъапІэурэ, адыгэхэм фІэщхъныгъэ яхэлъу къагъэлъагъуэ къэрал иным ис лъэпкъ псоми я зэгурыІуэныгъэм нэхър р нэхъ хэкІыпІэшхуэ хэкум тэмэму икІи зэкІэлъыкІуэу зиужькІыныкІэ зэрыщымыІэр къаззэрыгурыІуэр.

Ди зэманым мкъукІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ тхыдэм и Іуэху нэхъ зэІуМыбзэхэм ятеуха псалъэмакъым шыІэныгъэ хэлъу пыщІэным

Си псалъэм и кІэухэу къыхэзгъэщхьэхуэкІыну сыхуейщ цІыхубзм я тхыдэ зэхэщІыкІыр къэІэтыныкІэ тхыдэм и Іэщ Іагъэ Іхэм къыпхуэмылъытэным хуэдизу лэжьыгъэшхуэ зэрагъэзащІэр. Іуэхум и пэжыпІэр абыхэм псоми тэмэму гурагъаІуэ икІи а щІыкІэм тету, тхыдэр зэблэзышыну хущІэкъуэхэм я Іуэхур къыззэпаду. Ди зэманым икъукІэ мыкъэнэшхуэ иІэщ тхыдэм и Іуэху нэхъ зэІуМыбзэхэм ятеуха псалъэмакъым шыІэныгъэ хэлъу пыщІэным. Тхыдэм къыщыхуэца Іуэхуэхэр наІуэ тэмэму къыщыпщІыфынур пэжыр уи ГъуазэУ щыщытым дежщ.

Зи Іэщ Іагъэм хуэІэкІуэлъакІуэ щІэныгъэлІэхэр мы зэхуэсым зэрыхэтым быдэу си фІэщ ещІ конференцым зыхуигъэувыжа мурадыфІхэр къызэрехуІонур, адыгэ лъэныкъым и тхыдэр джыным хуэгъэза щІэныгъэкъэхутэныгъэ Іуэху псори конференцым къыкІуахэм къызэрызэщІагъэуІуэнур.

Франджы тхыдэтх Ренан Эрнест губзыгъагъэ хэлъу зэгуэр жиІауэ щытащ: „ЦІыхухэм я зэкъуэтыныгъэ щыІэн папщІэ, зэхэщІыкІым къыдэкІуэу, абыхэм Іуэху щхьэхуэхэр зыщагъэгъупщэфуи щытын хуейщ". А псалъэхэм ягъэІыхьэр дэ нэсу къыдгурыІуащ икІи къэдгъэсэбэпащ. ЕтІуанэм дыхуэдэжи хуейщ, икІи псори дызэгъусэущ дызэрыхуеджапхъэр.

* * *

Адыгэхэр иджырей зэманым хэзэгъэнымкІэ зэфІэгъэкІыпхъэу къалытэхэр утыку къралъхьащ Иорданием щыІэ Адыгэ ФІыщІэ Хасэм и ПлыкІуэ, КъБКъУ-м щеджа Нэгуэр Зиуар, Сирием и ПлыкІуэ Іуэхущ Іапі эу Абхъазым щыІэм и Іэмэ ькІуэ Абазэ Шэрэф, США-м и Калифорниэ штатым и Адыгэ ФІыщІэ Хасэм и Нэхъыжьхэм я зэгуэныгъэм и тхьмадэ Шыкъ Мухьэмэд-Хьид.

Мы конференцым хиубыдэу гуп цхьэхуэурэ пЛым я зэхуэсхэр екІуэкІынущ. Конференцым кърикІуэхэм япкъ иткІэ унафэ пыуухыкІа къащтэнущ. ХьэщІэхэр республикэм и щІыпІэ нэхъ дахэхэм яшэнущ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Налшык къалэм и Іэтащхьэ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд

Нанбэ Зэкъэнбей

Щэныбэ Юрэ

Сосналы СулътІан и щапхъэ

• Фэеплъ

Мэлыжьыхьым и 23-м, Сосналы СулътІан къыщалъхуа махуэм ирихьэлІэу, адыгэ дзэщІ щІэрыІуэр щыпсэуа, Налшык Коммунархэм я уэрамым къатиущ щыІэтет унэм и гупэ бдыным фэеплъ пхъэбгъу кІэрагъуІащ.

«МЫ УНЭМ щыпсэуащ СССР-м щІыхь зиІэ и кхъухьльатэзехуэ, Абхъазым 1992 - 1993 гъэхэм щекІуэкІа зауэм и Іыхьжь, Абхъаз Республикэм зыхъыумэжыныгъэныкІэ и министр Сосналы СулътІан», - тетхащ фэеплъ пхъэбгъум.

«Сосналыр Абхъаз щІыналъэм щыпсэуху, зэи Іэмал хуэдгъуэта кым къыщалъхуа махуэр зыгуэру дигъэгъэлъапІэну е езым а махуэм лейуэ и цІэ къитІуэну», - закъыхуигъэзащ къырихьэлІахэм Абхъаз Республикэм и Президентым и ГенджюцэгІу, Абхъазым м ЛЫхьжь Нанбэ Зэкъэнбей.

Дыззэрыт зэманми адыгэ нэсу уэзэрыщытыфынум и щапхъэ дзэщІ щыпкъэр цІэрыІуэм и мызакъуэу, зыщІыхуахэм фІыуэ зэрадгъэуам шэч хэльыкым. Фэеплъ пхъэбгъур зэрыкІэралъхьэр я щхьэусыгъуэу Іуэхум кърихьэлІахэм Абхъаз Республикэм и Президентым и ГенджюцэгІу, Абхъазым м ЛЫхьжь Нанбэ Зэкъэнбей.

Дыззэрыт зэманми адыгэ нэсу уэзэрыщытыфынум и щапхъэ дзэщІ щыпкъэр цІэрыІуэм и мызакъуэу, зыщІыхуахэм фІыуэ зэрадгъэуам шэч хэльыкым. Фэеплъ пхъэбгъур зэрыкІэралъхьэр я щхьэусыгъуэу Іуэхум кърихьэлІахэм Абхъаз Республикэм и Президентым и ГенджюцэгІу, Абхъазым м ЛЫхьжь Нанбэ Зэкъэнбей.

«МЫ УНЭМ щыпсэуащ СССР-м щІыхь зиІэ и кхъухьльатэзехуэ, Абхъазым 1992 - 1993 гъэхэм щекІуэкІа зауэм и Іыхьжь, Абхъаз Республикэм зыхъыумэжыныгъэныкІэ и министр Сосналы СулътІан», - тетхащ фэеплъ пхъэбгъум.

«Сосналыр Абхъаз щІыналъэм щыпсэуху, зэи Іэмал хуэдгъуэта кым къыщалъхуа махуэр зыгуэру дигъэгъэлъапІэну е езым а махуэм лейуэ и цІэ къитІуэну», - закъыхуигъэзащ къырихьэлІахэм Абхъаз Республикэм и Президентым и ГенджюцэгІу, Абхъазым м ЛЫхьжь Нанбэ Зэкъэнбей.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Сосналы Любовь

• Брифинг

Зэрызэдэлажьэм и фІыгъэкІэ

«Урысейм и ХъумапІэ банк» ОАО-м и Кавказ Ищхъэрэ банкыр щІыналъэм и экономикэм щекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэм жыжьэру хэтщ, инвестицэ проект инхэм, хьэрычэтыщІэ ІэнатІэ цІыкІухэмрэ курытхэмрэ мылъку хьарзынэ яухуех. КИФПП-м зэрызнужьыну стратегием хыхьэж, къэрал щхьэпІэ зиІэ зэгурыІуэныгъэхэр зэІухуэ ергъэзащІэ. Я мылъкым зэрыкъэхъуэм, я фейдэр зыхуэдэм, зэхъущытыкІэхэр зэрарухуэм, цІыхухэм зэрадэлажьэм, Іуэхутхъэбзэхэм я гъэпсыкІэм тещІыхьауэ Кавказ Ищхъэрэ банкыр къэралым щынэхъыфІхэм ящыщ.

АБЫХЭМИ, мы гъэм и яп мазищым зэфІагъэкІахэмрэ дяпэкІэ я мурадхэмрэ теухуауэ щытащ Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ Золотарёв Александр мэлыжьыхьым и 23-м иригъэкІуэкІа брифингыр. Видеоконференц щІыкІэм тету, къэзрагъэпэща зэІуущІэм хэтащ КИФПП-м и щІыналъэхэмрэ Къалмыкъ Республикэмрэ я щІыхьэ зхьыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я лЫкІуэхэр. Золотарёв Александр зэрыжиІамкІэ, экономикэр щытыкІэ тугъуэм итми, яп мазищыр яхуэІеякъым.

- Зи гугъу тщІы зэманым ди зэфІэкІым, нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елытауэ, хуэдэ 18-кІэ хэдгъэхъуащ. Абы и фІыгъэкІэ, ди Іуэхутхъэбзэхэр идогъэфІакІуэ, иджырей технологиещІэхэм дыхуокІуэ, ди хэщІапІэхэм тепльэщІэ ягъуэт, дызыдэлажьхэм тыншыпІэ къахэзыдогъэпщэ. Банкым и къудамэ 197-рэ Іэмалыщ Іэхэм хэдгъэкІуащ, псори нобэрей пащалъм къедгъэзэгъащ. Мы гъэм кърихьыдэу апхуэдэхэм я бжыгъэр процент 41-м нэдгъэсынущ. Иджыпсту а Іуэхум къалэхэм дыщогугъу, етІанэгъэ щыщІэдзауэ къуажэхэм щыдиІэ хэщІапІэхэр едгъэфІэкІуэнущ. Къалэн куэдым хуэгъэпса Іэмалхэм хуэди зэрыздгъэубгъуа и фІыгъэкІэ, жылагъуэхэм банк Іуэхутхъэбзэхэм нэрылъагъуу зыщагужьынущ. Іуэхутхъэбзэхэр щыхэфІагъэкІыж Іэмэпсымэхэм я бжыгъэм процент 28-кІэ, POS-терминалхэм хуэди 3-м щигъэкІэ, зи Іуэху щыдагъэкІыж хэщІапІэхэм хуэди 4-м нэскІэ хэхъэнущ, - къигъэлъэгъуащ Золотарёв Александр.

Я Іуэхутхъэбзэхэр щІыхуэхэр зыщІэуащІэхэм, зыхуэныкъуэхэм тращІыхь. ПсэупІэ кредит къэзыщтэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэм зыкъэкІыу, мы гъэм и мэлыжьыхь лъандэрэ ипотекэ щІыхуэр Іэмалыщ Іэм тету хуэхах. Банкым и къудамэ псоми тхьлъхьэр (завякъэхэр) щыІах, зыхуэей чэнджэщэр щагъуэт. Иджы абы папщІэ ятынур тхьлъитІ къудейщ: Урысей Федерацэм зэрыщыщымкІэ паспортымрэ зихэтым щыхьэт техуэмэрщ.

Кавказ Ищхъэрэ банкым и унафэщІым къызэрыхитъэщамкІэ, мазищ кІуам щыхуэхэм щІыхуэху къащта сом меларди 10,8-м и Іыхьэ плІанэр псэупІэ кредитщ. Зи гугъу тщІы зэманым апхуэдэ Іэмалкіэ унагъуэ мини 2,5-м нэблагъэм я псэупІэхэр ирагъэфІэкІуащ.

Къэпсэлъам зэрыжиІамкІэ, бизнесыр рынок зэхуэщытыкІэм и Іыхьэ нэхъыщхьэхэм зэращыщыр зыщагъэгъупщэрэкым икІи хьэрухэрыгъэр и лъабжьуэ а Іуэхум жыдджэру хэтщ. Гъэм зэрыщидзэрэ щІыналъэм и экономикэм сом мелард 28,9-рэ халъхьащ. Кавказ Ищхъэрэ банкым еІуэ сом меларди 135-м щигъу иджыпсту къагъэсэбэп. А бжыгъэм и Іыхьэ щанэр (сом мелард 45,3-р) инвестицэ, ухуэныгъэ проектхэм халъхьащ.

- Бизнес мыинм и гугъу тщІымэ, абы щІыналъэм зыщнужьын щхьэкІэ, банкыр зэуІуу доІэпыкъу. Къащтэмэ, я жыджэрагъымрэ я зэфІэкІымрэ хагъэхъуэн папщІэ, щІыпІэхэм хэщІапІэхэр къыщызэІудох. Мазищ кІуам а Іуэхум сом меларди 900 хуэхэ-хащ, псори зэхэту ди щІыхуэу сом мелард 30 бизнес мащІэм щызэкІэлъагъакІуэ. Бизнесыщхьэмрэ курытымрэ мы гъэм Іуэхугуфитхум тещІыхьауэ дадэлэжьэнущ. Ди къудамэхэм я зэхэтыкІэр, къэдгъэсэбэп технологиехэр унэтІныныгъэщІэхэм зэрыхуэдгъэкІуам и фІыгъэкІэ, абыхэм ІэмалыфІхэр къахуэзыІудох, - къытгъэлъэгъуащ Кавказ Ищхъэрэ банкым и Іэтащхьэм

Ар зэщхьэщыхауэ къытеувыІащ дяпэкІэ я мурадхэмрэ нэхъри зауэжьныкъмкІэ щыІэ хэкІыпІэхэмрэ. Нэхъыбэуэ зытращІыхьыр экономикэр къызэрыгъэпэщ ІэнатІэхэм я проект инхэр кредиткІэ дэІуныкъуэ. Мы зэманым, банкыр я щІэгъэкъуэну, КИФО-м и щІыналъэхэм бизнес проект щхьэхуэхэр щагъэзащІэ. Ставропольем гуэгуш щагъэхъуну джэдэщ. Къэбэрдей-Балькъэрым горохымрэ нартыхымрэ щелэжьыну комплекс, ПІэшэн республикэм иджырей гъэш фермэ щауэхуэнущ. А лэжьыгъэхэр банкым и мылъкуІэ хэфІагъэкІынущ.

- Бизнесымрэ цІыхухэмрэ ди Іуэхутхъэбзэхэр жыджэру къызэрагъэсэбэпым нэхъри зыдэдужьынущ, щІыналъэм и финанс ІэнатІэ (оператор) нэхъыщхьэу дышыткІэрэ, дызыдэлажьхэм я бжыгъэм зэпымыууэ хэдгъэхъуэнущ, - къыхигъэщащ Золотарёв Александр.

ИужькІэ КИФПП-мрэ Къалмыкъымрэ я журналистхэм я упщІэхэм жуэап яритащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Щамырзэхэ я вагъуэ

Къэзанш Людмилэ *(ижьымкІэ щытщ)* **Париж дэтщ.**

(КІэуэхыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

- Хэт зыхуэдгъэзами, дэнэ дыкІуами а бзыльхъугъэм теухуауэ къыджаІэр зэтехуэрт. Щамырзэ Моникэ хуабжьу теплъэ дахэ зиІэ цІыхубзу, хьэлкІэ пагэу, гъуазджэм и унэтІныныгъэ куэдым хищІыкІыу, зэфІэкІ инхэр иІэу къызэрекІуэкІар дызыІущІахэм ягу къагъэкІыжащ. КъызэрыджаІамкІэ, Щамырзэ Моникэ и ныбжьыр илъэ 80-м щынэбдзэгъами и пкъыр захуэу, и щхьэр лъагэу иІыгът. Ар къэфакІуэ Іэзэу, сурэтыщІ щІэрыІуэу, скульптор гъуэзэджэу щытащ, тхылъ зыбжанэ итхащ. «Европэр ди гущІагъуІэлъІу» зыфІища и скульптурэ щІэрыІуэр щагъэуващ Страсбург, Европарламентым и гупэм. СызэрепльымкІэ, Моникэ анэ зэрымыхъуар игу кьеуэу дунейм ехыжащ. Гу зэрылъыттамкІэ, анэм и куэщІым ис сабиём Іэплъэ хуищІу а скульптурэм къыщыцІэлъэгъуари аращ. Абы и Іэдакъэ къыщІэкІа, къафэм триухуа и сурэтхэри къэдгъуэтыжащ, сурэт щІыным, къафэ гъуазджэм, скульптурэм щиІа зэфІэкІ лъагэхэм дригушхуэу, ди щхьэр лъагэу дигъэлъагъужауэ дыкъэкІуэжащ, - жеІэ Людмилэ.

Фильмыр Налшык и киноконцерт гъэлъэгъуапІэм накъыгъэм утыку къыщрахьэнущ, телевизорымкІи къытынущ. ЯпэщІыкІэ ар адыгэбзкІэ, иужькІэ, нэхъ зыубгъуауэ, урысыбзэкІэ яутІыпщынущ, бжьыхьэм Франджым щагъэлъэгъуэну я мурадщ.

Гу зылъытапхъэ: Щамырзэ Моникэ 1924 гъэм жэпуэгъуэм и 10-м къыщалъхуащ адыгэ уэрхъ, пащтыхьым и полковникыу щытА Чемерзин (ЩэмырзэУ) Аверир и унагъуэм. Хъыджэбз цІыкІУм Моникэ фІащащ. ИужькІэ Лифар Сергж абы псевдониму къыхуигупсысащ Черинэ Людмилэ цІэр. Щамырзэ Моникэ къызыхэхІа унагъуэр зэи щыгъупщакъым.

Балет гъуазджэм зыщыхуигъэсащ итальян балеринэ Вальдине Бланш д'Алессандри, урыс профессор Преображенская Ольгэ, Хлюстин Иван сымэ я деж. 1942 гъэм Лифар С. и гъусэу «Ромеорэ Джульеттэрэ» балетым партие нэхъыщхьэр щигъэзэщІащ. Аращ хъыджэбзым и щІыхьыр зыІэтар. ИужькІэ абы зыкъыщигъэлъэгъуащ Князев Б. и труппэм, Марсель и оперэм, Бежар М. и «Монте Карло и балетыщІэ», «ХХ лІэщІыгъуэм и балет», езым и труппэм. Псом хуэмыдэжу Щамырзэм къехъуІэрт драмэ, трагедие партиехэм щигъэзащІэ ролхэр.

1943 гъэм илъэс 19 хъу Моникэ и къафэгъу Одран Эдмон лъагъуныгъэ хуищІащ икІи дэкІуащ. 1950 гъэм Эдмон машинэ зэжьхьэхуэм хэкІуэдащ. Ар дунейм зэрехьажар Моникэ гущІыхьэ щыхъури, илъэситкІэ къэфэфакъым. Эдмон и сурэт зыбжанэ Щамырзэм щащІащ. ИтІанэ къафэхэр къызэрыщ сурэтхэр ищІу иригъэжащ, гъащІэм и нэщэнэу. Щамырзэр фильм 18-м щыджэгуащ. Нэхъ цІэрыІуэ дыдэ хъуар «Вакъэ пльыжьхэр» (1948 гъэ) фильмырщ. «Гофман и таурыхъэм» щигъэзэщІа ролым папщІэ Щамырзэм «Оскар» саугъэтыр къыхуагъэфащащ. 1953 гъэм Раймор Руа щхьэгъусэ хуэхъуащ. Абыхэм бын къащІэхъуакъым.

Ар ди къэралым и ныбжьэгъушхуэт, ди къафэм хэль нэщэнэ нэхъ дахэхэр фІыуэ илъагъурт. Черинэ и цІыхугъэфІу щытащ урыс балеринэ пашэхэу Улановэ Галинэрэ Плисецкая Майерэ.

2004 гъэм гъатхэпэм и 21-м Париж дунейм щехыжащ франджы балетымрэ киномрэ я артисткэ цІэрыІуэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

• Коллегиехэр

Мыхьэнэ хэха зиІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Архив Іуэхущ Іапі эм и коллегием и зэІущ Іэм мы гъэм и яп мазищым зэфІагъэкІахэр щызэхалъхьэжащ, апхуэдэу етІуанэ кварталым къапэщытхэр щащІэбелджыращ. Зэхьихьэр пригъэкІуэкІащ Іэнатім и унафэщІ Семэн Пщыкъан.

АРХИВ Іуэхущ Іапі эм и Іэтащхьэм и куэдзэ Власов Игорь къызэригъэлъэгъуамкІэ, мазищ кІуам дэфтэр напэкІуэцІу 24160-рэ зэрыщытам хуэдэу зэхуэгъэкІуэжащ. Ар илъэсым къапэщытым и процент 32,2-рэ мэхъу. Зэрагъэзэхуэжьи хуейхэм документ 2583-рэ къыхэхъуащ. Апхуэдэщ и щІыкІэр къыщапщытэм къыхутахэмрэ зэрыхьауэ къаІэрыхьахэмрэ. Іуэху 1528-рэ зэкІэращхэкри, зэкІэрадзэкащ, тхьитІу хэлъуэщэкхэр зэрыт напэу 564-рэ зэфІагъэувэжащ, яхъумэ дэфтэрхэм ящыщу 1577-рэ къыщІэупщІэхэм иратащ.

ФондитІ къахэхъуати, хабзэм тету, я пІэм ирагъэзэгъащ. Аэхэр 1252-рэ мэхъу. Сурэту 404-рэ къыІахащ.

ІэнатІэхэмрэ цІыхухэмрэ зыщІэупщІэхэм гулытэпхъуэ хуащІащ. Зи гугъу тщІы зэманым кърифыдзу, Іуэхутхъэбзэ 3150-рэ абыхэм хуэзфІагъэкІащ. Ар нэгъабэрей бжыгъэм процент 18-кІэ щІегъу. Архив Іуэхущ Іапі эм и унафэщІым и куэдзэ ЩІоджэн ЩІыхьым зэрыжиІамкІэ, мазищ кІуам социально-правовой документацэхэмкІэ куэдамэм зэрыщІэупщІэ тхьилъу 1243-рэ къыІэрыхьащ. Абыхэм ящыщу 1085-р хуэзгъэзащІащ, 261-р хъумапІэхэм хагъуэтакъым, щІыху 823-м чэнджэщхэр иратащ. КьахуэкІуэхэр Іуэху 5425-м пІалъхьІэ зэхэтэпльащ. Іуэхутхъэбзэхэр ирагъэфІэкІуэн, щІыхухэмрэ къэралымрэ я зэпыщІэныгъэр ягъэбыдэн мурадкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Архив ІэнатІэмрэ кьалэн куэд зыгъэзащІэ центрымрэ (МФЦ) зэрызэдалэжьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэ зэращІылІащ. Зи щхьэкІэ зыхуэзыгъаззэхэр а щІыкІэм тету зы щІыпІэм щрагъэблэгъэфынуцІ, зыщІэупщІэ хьыбархэр Кьэрал Іуэхутхъэбзэхэр щызэгъэуІуа порталымкІэ кьахуэлъхьэнущ. Зэдалэжьэныгъэр зытепльыкІэ Іуэхутхъэбзэхэр «Зы щхьэгъубжэ» Іэмалым тету кьахуэзэгъэпэщынырщ.

КъБР-м и Архив Іуэхущ Іапі эм и къэрал архив нэхъыщхьэм и управленэм и унафэщІ Кьарэ Тимур кьызэрыхигъэщамкІэ, дэфтэрхэр хъумэным гулытэ хэха хуащІащ. Абы папщІэ, телъхьэпІэ щхьэхуэу 407-м я щытыкІэр ирагъэфІэуащ, дэфтэр напэу 13636-рэ зэрыщытам хуэдэу зэхуагъэкІуэжащ, документыщІэу 532-рэ къыІахащ. Апхуэдэу социально-правовой тхьилъу 362-м, зыщІэупщІэхэм хуэдэу 67-м хагъэпльащ.

Мыхьэнэ хэха зиІэу зыхуэсакъыпхъэ документхэр ягъэнаІуэу иджырей тхыдэщІэм и тхылъхэмкІэ центрым и управленэм и республикэ центрым хагъэхьэн мурадкІэ, 1924-1938 гъэхэм теухуауэ фондиплІым щахъумэ дэфтэрхэм ящыщу 605-рэ щІапщытыкІащ. Мы зэкІэ пэублэу аихуэдэ тхылъ 35-рэ кьахутэри, щхьэхуэу кьыхахащ.

Зэхьихьэм щызэпкърахащ КъБР-м и Архив фондыр зэрыщащхьумэм хуэунэтІауэ республикэм Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм щрагъэкІуэкІа къэпщытэныгъэмрэ муниципальнэ фондым и документхэр зэрызэхуагъакІуэм, зэрызэрахьэм, зэратхым, кьэзэрагъэсэбэпым теухуауэ Лэскэн район администрацэм архив ІуэхухэмкІэ и кьудамэм и лэжьыгъэм зэрыкІэлъыплъам кърикІуахэр.

Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм хэплъа нэужь, Семэн Пщыкъан къыхилъхьэри, етІуанэ мазищым нэхъыщхьэу зэфІагъэкІынухэр кьащтащ. Абыхэм япкъ иткІэ, архивхэм я шынагъуэншагъэр кьызэрагъэпэщынущ, я мылъку-техникэ гъабжьэр ягъэбыдэнущ, хъумапІэхэм щІэтыр дэфтэрхэр зэрыхъумрэ абыхэм я щытыкІэр зыхуэдэмрэ кьэпщытэным пащэнущ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и архивхэр» сайтымрэ КъБР-м и Правительствэм и порталымрэ зэпыныуІуэ кьагъэщІэрэщІэнущ, хъыбархэр щызэкІэлъхьахынущ, Япэ дунейпсо зауэм зэрыщІидзэрэ илъэси 100 зэрырикъум теухуа «Лажьэнщэу ящыгъуэщащхэр» зыфІаща ЕтІуанэ щІэныгъэ-теоретикэ конференцым хэтынущ, «Муниципальнэ архив нэхъыфІ» республикэ зэпеуэ ирагъэкІуэкІынущ, Архив Іуэхущ Іапі эм и документхэр зэрыхъумапхъэм щыхагъэпльуэзэну семинарзэІущІэ кьызэрагъэпэщынущ.

АБЕЙ Анзор,
КъБР-м и Архив Іуэхущ Іапі эм и пресс-секретарь.

Къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж

• Электросетхэр

2014 - 2015 гъэхэм я бжьыхьэщІымахуэ лъэхъэнэм зыщыхуагъэхьэзырыну пІалъэм и пэ къихуэу, Кавказ Ищхъэрэм и МРСК-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и энергетикхэм токышхуэ зрикІуэ кІапсэхэр къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж. Илъэсым и яп мазищым къриубыдау киловатт 35 - 110-рэ щыщІэблэкІ уэгу линэу километр 24,8-рэ зыхуей хуагъэзащ.

КЪИЩЫНЭМЫЩІЛУЭ, щІыналъэ къудамэм техникэ Іуэхухэмрэ лэжьыгъэр къызэрэпэщынымкІэ и Іэнатім и нэхъыщхьэм и Іэщ Іагъэ Іхэм дерт зыгъуэта изолятор зэхэухуэнауэ 150-рэ, кІапсэу километри 2-м нэблагъэ яхъуэжащ, токыр щІым зэрыхашэ пкъоитхум я нэхэр зэрагъэнэпэщажащ. Апхуэдэу электрокІапсэхэр зыхуэзэ щІыпІэу гектар 16,5-рэ ягъэкъэбзащ, ЛЭП-у километр 570-м нэблагъэм я инженер щытыкІэр, ахэр къызэрагъэсэбэп щІыкІэр планым тету кьащтащ, пкъо 428-м номерхэмрэ щагъэува гъэмрэ тратхащ.

Кьуаалэбзуэкэм я зэранкІэ токкІапсэхэр щызэхэзэрыхь, щызэпыч щыІэщ. Абы къыхэжІыу, уэгу линэхэмрэ пкъохэм я пыдзапІэхэмрэ ахэр зэрыІуагъэщт Іэмэпсымэхэр трагъэувэ. Мазищ кІуам къриубыдэу апхуэдэ Іэмэпсымэхэр трагъэуващ Аруан, ШІэрэдж районэр зэпызыщІэ «Дубки» - «Къещкъэтау-ГЭС», «Телемеханика» - «Хуэщкъэжар-ГЭС» (ШІэрэдж р-н), «Тэрч-2» - «Аксьбай Ипщэ», «Тэрч-2» - «Мэрэтэей» (Тэрч р-н), «Старэ Лэскэн» - «Змейскэ» (Лэскэн р-н) ток кІапсэхэр зэрышэщІа пкъохэм. Кьуаалэбзуэкэр нэхъыбэу зыпытІыс хьэ хабзэ щІыпІэхэм апхуэдэ зэрыІуагъэщт Іэмэпсымэу 200 щагъэуващ.

«Кавказ Ищхъэрэм и МРСК» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Муратзов Ахьмэт Абрэхьим и къуэм етыным и Iуэхущ Iэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2014 гъэм гъатхэпэм и 27-м *Налшык къалэ* *№73/1-5*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутат Куэшей Азэмэт Джабэ́илъ и къуэм, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и кандидатхэм я спискэу къигъэлъэгъуам хэту хахам, и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрыщыхъэщахам, а кандатыр щIыгъэу зэримыдэм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидат КIуэкIуэ Юрий Мухьэмэд и къуэм (№81) къызэрытхам хьыхэкIыу икIи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Iуэхущ» 2008 гъэм шыщхьэуIум и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 6-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ щIэ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Муратзов Ахьмэт Абрэхьим и къуэм етыным и Iуэхущ Iэ.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату ятхам зэрыхахамкIэ удостоверенэр етын.

3. Мы Унафэр щIыхьэ хъыбарегъащIэ Iэхэущ Iанэ Iэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутат Муратзов Ахьмэт Абрэхьим и къуэр тхыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2014 гъэм гъатхэпэм и 27-м *Налшык къалэ* *№73/2-5*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Муратзов Ахьмэт Абрэхьим и къуэм етыным и Iуэхущ» 2008 гъэм шыщхьэуIум и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 3-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщ ДЖЭШ Вячеслав Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм хэхыныгъэмкIэ я счет щхьэхуэхэм ахъшэ кьызэрагъэхьым икIи а ахъшэр кьызэрагъэсэбэным теухуа хъыбархэр кьыщагъэлъагъуэ тхыгъэхэу щIыналъэхэм кьыщыдэкI къэрал газетхэм я редакцхэм иратхэм я теплъэм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2014 гъэм гъатхэпэм и 27-м *Налшык къалэ* *№73/5-5*

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ кьызэгъэпэщыныкIэ щэсыгIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукlэ» 2002 гъэм мэкъуаугъэм и 12-м кьащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 59-нэ статьям и пункт 9-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Iуэхукlэ» 2008 гъэм шыщхьэуIум и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 56-нэ статьям и Iыхьэ 8-м я пункт иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ щIэ**:

1. Хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм хэхыныгъэмкIэ я счет щхьэхуэхэм ахъшэ кьызэрагъэхьым икIи а ахъшэр кьызэрагъэсэбэным теухуа хъыбархэр кьыщагъэлъагъуэ тхыгъэхэу щIыналъэхэм кьыщыдэкI къэрал газетхэм я редакцхэм иратхэм я теплъэм и Iуэхущэм.

2. Кьару имыIэжу кьэпльытэн «Хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм хэхыныгъэмкIэ я счет щхьэхуэхэм ахъшэ кьызэрагъэхьым и Iуэхущ. Сочэ щэкI фабрикэ щIигъэлажьэрти, Тыркум щы иригъашэрт, щэкIыр абы кьыршырт. Цыгъыт кьыщIэзыгъэкI Iэнатlэ екъэжьам цIыхур хуэяарэзыт. Совет властыр щаухуам, Азрэт шыуэ 400-м нэблагъэ кьэралым иритын хуэзэфIэкIат. Парт лэжьакIуэ пашэхэм ящыщ зы цIалэм уи бащIыкъри кьыхэт цIыхубзым, зи цIыхубзыщIыж лIым «уэ пхуэдэм и щхьэм хуащIа бащIыкъкъым ар» жриIауэ къаIуэтэж. Хъуэр кьридзар зигу иримыхьа а щIалэм нэхъ иужьыIуэкIэ Азрэт Iэщ1экIуэдащ. Нэхъ гъэщIэгъуэнрати, а щIалэр кьыхьэкIар унагъуэкIуэ хуэмыщIат, Кучуковхэ я гуныгъэрти, Азрэт Iэщ е мэл иукIамэ, Iэмал имыIэу, пэгун из лы абыхэм яхуригъэхьырт. «Апхуэдэ залым щхьэ кIэлъыIэпхьэжат Кучуков Азрэт?», - жаIэу щIалэм щеупщIым, «Кьадэхуэр тшхьажину сфIэфI фи гуръэрэт?!», - кьаритат жэуапу.

Iэпишт зи пхъур Зэчрей Хьэжыкlэ зэдкэу, пщIэшхуэ зыхуащIу щыта цIыху хьэлэлт. Гундаэлнщ зи Iэмыщlэ ильу щыта а лIыр дунейм щехьажам, цIыхухэм бгырыпхи зыщIамылъхьэу, хьэгъуэлIыгъуи ирамыгъэкIуэкIыу ильэскIэ хуэщIыгъуат, жаIэж.

Хэку зауэшхуэми нэхъ и пэкIи гугъу ехьа, лей зытехьа балькъэр унагъуэхэм хиубыдащ Азрэтрэ Iэпиштрэ ящыри. Езы тIур тутпэ кьэщым ирадзэу, я бинитхур зеиншэ дыдэу Сыбыр кьыщыщагъэхутар 1934 гъэрт. Ар гъуэгуанэ гугъут икIи шынагъуэт. Псым тету емыса ФатIимэт Томск нэса кхъуэным кьыщрагъэкIым кьызэIыхьати, зи гуфэ гупым кьыхадзри, адрейхэр адэкIэ яшащ. ЗэманкIэ ар пэIэщIэ хьуат и дэльхъу-шыпхъухэм. Хьыджэбзыр мэз льапэм и закъуэпцIийуэ кьыщIэнащ. Насыпыр Iыхьэ мыгуэшщ, гъуэгуанэ зэощыхьым, абы мэрадзэу кIуэ цIыхубзитI кьыхуэзащ. ФатIимэт урысыбзэ фIы дыдэу ищIэрэтэкъым, ауэ Iэпэтэрэмэшкlэ ягугирагъэIуащ кьытепсыха гуауэр. Хъыджэбзэ гъуэщар зрагъэтIысыха Iэжьэр гуэм хиша льагъуэм тету здрижьэм, кьэхъуэхъэм кьрашу щыгухэм ирагуэша сабийхэр ФатIимэт кьильэгъуащ. Уеблэмэ игъащIэкIэ зэрымыгъуэтыжьну зи гуфа и дэльхъу нэхъыжьри и шыпхъум кьыщIыупльэм кьызэфIэмэхат. Апхуэдэу зым нэхъ адрейр кьызэIыхьаращ, зи Iуэхущ,Ахьмэт, ФатIимэт, Мэхьмуд, Марусэ сымэ Сыбырым (Прокопьевск къалэм) ильэсихрэ мазий енкIэ щIэгъэкъуэнынишэу щыпсэуэн хуей хъуащ. Нэмысым щIапIыкIа, зэрыщIыкIурэ лажьэу ирагъэса зэдаяльхуэзыщIапхъэ зэрыпсэуным яужь итащ. АрцхьэкIэ ФатIимэтрэ Мэхьмудрэ я закъуэщ псэууэ щалъхуа щIыналъэм къэзыгъэзэжьыфар. Кьару мащIэ цIыкIу Марусэ хамэщIым куэдри щымыпсэуфу, лIэри абы щыщIалъхьэжащ, зэрыхьэзэрэзэм ФатIимэт и дэльхъу нэхъыжь Алии кэкIуэдащ. Илъэс 17 фIэкIа мыхъуаАхьмэт шахтым инженеру щылажьэу, абы щIипIытIэри и бгыр зэпыудати, ФатIимэт и гугъуэхьым ари хэту илъэситхукIэ эриъэхат. Къащтэмэ, езы хъыджэбзми абы щыгъуэ ныбжьыщхьэ иIэтэкъым, илъэс 15 ирикъуами арат. Псом хуэмыдэу ФатIимэт сэбэн кьыхуэхъужащ цIыкIу дыдэу Iэльэщ1 хъарэр зэращIым зэрызыхуигъэсар.

Тыншу зэрамытэпсыкъуар Iэишэт и псэм ищIа хъунт, тутнакъым щыдашым, и дыщэ-дыжьым щыIуэхэр, Iуданэ зэмыфэгъуэхэр кIуэцIылъу щхьэнтэ щыкIу идри ФатIимэт кьратат. Мэхьмуд ильэскIэ абы телъауэ, жаIащ и щхьэм кьызэрыхэсхьащ, зэрыхьэзэрэзэм ФатIимэт и дэльхъу нэхъыжь кь

Хьэрэмышхуэхэм ящыщщ пцІыр

• Уаз

Диным щымыщ хэдмылъхьэу, хэлъри хэдмыхыу, КъурІэнымрэ хьэдис пэжымрэ къагъэув мардэхэм дытемыкІыу псоми дгъэзащІэу щытамэ, къэрал зэныкъуэкъуэхэри щыІэнтэкъым, зауэхэри дунейм игъащІэкІэ къыщыхьеинтэкъым, унагъуэхэми псалъэмакъ мыхъумыщІэхэр ильынтэкъым.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, Іэятхэм къикІыр ямыщІэу, езыхэм кьаэрыгурыІуам хуэдэу цІыхухэм я пащхьэ изылъхьэхэр щыІэщ. Ар пцІыщ, пцІыр - гуэныхьышхуэщ.

Хьэдисым къыщокІуэ: «Сулеймэн и къуэр Сафат Мухьэммэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуам) еупщІащ:

- Алыхьыр зи фІэщ хьуэхэм шынэкъэрабгъэ яхэтынкІэ хьуну?

- Хьунущ, - къитыжащ жэуап ЛІыкІуэ лъапІэм.

- Алыхьыр зи фІэщ хьуэхэм нэпсей яхэтынкІэ хьуну?

- Хьунущ.

- Алыхьыр зи фІэщ хьуэхэм пцІы яупсынкІэ хьуну?

- Хьунукъым, - жиІащ Мухьэммэд бегъымбарым».

Мы хьэдисым щыгъуазэ дещІ мусльымэным и хьэлым сыт хуэдэ ныкъуасныгъэ хэлъми, пцІыр мыхъумыщІагъэу щыІэм я щхьэ къызэрыкІуэм. Мусльымэным и ахъылри, и гури, и бзэри пэжым и телъхьэу щытын хуейщ. Хьэдисым къыщокІуэ Мухьэммэд бегъымбарым жиІаурэ: «ЦІыхум и фІэщхьуныгъэр иирикъурхьым, и гум пэжыгъэр имыльмэ. ЦІыхум и гум пэжыгъэр ильхьым, и бзэр пэжым и телъхьэу щымытмэ».

КъурІэным быкъыщдожэ: «ИпэжыпІэкІэ пцІыр къэзыгупсысыр Алыхьыр зи фІэщ мыхъухэрщ. Мис ахэращ пцІыупсхэр».

Нэгъэущі Іэятми ущрохьэлІэ: «Фэ фи бзэгугъэмкІэ пцІыр зэбгрывох, зыри зыхэмыщІыкІым фи жьэкІэ фытопсэлъыхь икІи фи гугъэщ абы мыхьэнэ щІагъуэ имыІэу. Ауэ ар Алыхьым и пащхьэ щывлэжь гэныхьышхуэщ».

Мыри КъурІэным щыщ зы Іэятщ: «Мелыбычитіыр тесщ (ди дамэхэращ зи гугъу ищІыр) ижьымрэ сэмэгумрэ икІи зэщІащыпэ (ди лэжьыгъэхэращ жьыхуІэр), зы псалъэ кьыззэрывжьэдэкІыу ятхыну хьэзырхэу».

КъурІэным щхьэ дыдэу зэрыщІалэ узыфэщ. Зы жьэм жьэдэкІыр жьвищэм жьэдохьэ.

ТОЛСТОЙ Лев

ХЬЭЖЫ-МУРАТ

Повесть

(КIэухыр. ПэщIэдзэр №№66,67,70-71, 73-79, 80-хэм итщ).

- Сэшхуэхэр кьифхI- кIиящ Гаджи-Ага и Iэщэр кIрипхъуэтурэ, икIи зэрыгъэкIийуэ чыцэм зыкIыхъэзыщэ цIыхуищэхэм я макъым зиIэтащ.

Милиционерхэри гъуейм кIыхольадэ, щIытIым фоч зыбжанэ зэкIэлъхъэужьу доукI. ЦIыхуищ мэджалэ, адрейхэр зэтоурыIэ. Гъуей лъапэмкIэ кIиукIыу щIадзэ. Ахэр къауэ эпытщ, мащIэ-мащIэурэ, зы гъурщым кIыкIуэжьым, адрейм къуэльадэурэ, гьунэгъу зыкъащI. Языныкъуэхэр къокIуатэ, языныкъуэхэр Хьажы-Муратрэ и цIыхухэмрэ я шэм ирещIыкI. Хьажы-Мурат зэи бзэщхъуркъым, зригъэщIам тохуэ, Гамзали аращ, зззэмызэхэщ и шэр щыблэльэтыр, шэр техуауэ щилъагъукIэ, гуфIэгъуэшхуэ кIыхуихъуэу дапщэри мэкIий. Къурбан кIэнаугъэгъум дж щысщи, «ЛаIиллахъэ иллаалэхъ» жиIэу мыпIащIэурэ, мауэ, ауэ щыгтехэр зззэмызэхэщ. Елдар къамэ кьихакIэ биийм заридзыну апхуэдизкIэ и нэ къокIри, и Iэпкъгъэпкъ псор мэкIззыз, щIытIым зыкъришинкIыурэ фочкIэ мауэ, щIэх-щIэхыу Хьажы-Мурат хуеплъэкIыурэ. ЦIыбэ Хьэнэфий мыбдежми и Iэщхьэлъащхьэ дэхьеяуэ дэIэпыкъуэгъум и къалэн егъэзащIэ. Фочхэр иуэздурэ Хьажы-Муратрэ Къурбанрэ ярет - гын ирекIуатэ, дагъэ егъэфа щэкIым щэпхъ кIуэцIешыхьри фочыпэм IуеукIэ, гын гъущэр трегъэльалъэ. Хъан-Магомэ адрейхэм хуэдэу щIытIым искым, кIеящ къожри шыхэм шэ къащытемыхуэн щIыпIэ еху, мыуывIэу КIийуэрэ, абы щыгъуэми фочкIэ кьеГъэрыкIуэхэм яхуоу. Я Iпэу аращ уIэгъэ хъуари. Шэр абы и пщэм щытехуэм лъы кьиубжьытхуы хъуанэу ар етIысэхащ. ИтГанэ уIэгъэ хъущ Хьажы-Мурат. Шэм абы и блыпкъыр икъутати, Хьэжы-Мурат и къэпталъм бжьхэуц къыдельэфри и уIэгъэм ирекуэ, а зэрызэуам хуэдэурэ.

- Сэшхуэ кьихакIэ зедвгъэдз, - жеIэ Елдар ещанэрейуэ.

Абы щIытIым зыкъершикI биийм зридзыну хьэзыру, арщхьэкIэ асыхьэтым шэ къытохуэри щIыбкIэ мэджалэ, Хьажы-Мурат и лъакъуэм тещIэу. Хьажы-Мурат абы иопIэ. Мэлынэ дахитIыр и фIещу Хьажы-Мурат къытриубыдат. ТIэ лъабжьэм сабийхэм ейм ещхьу мащIэу къыIуща Iупэр кIэзызыпт, и жьэр хуэзтемыхыу. Хьажы-Мурат и лъакъуэр Елдар къыщIельэфри, ятрегъапщэ, яхоуэ и биийхэм. Хьэнэфий зегъэщхъри зи псэ хэкIа Елдар и хьэзырхэм ярылъ щэхэр кърех. Къурбан зэчыр жиIэ зэпытурэ мыпIащIэурэ фочыр еуэзд, ятригъапщэурэ мауэ.

Бийхэр чыцэм зыкъуагъапщкIуэурэ, кIийуэ, загъэщIыкIейуэ къокIуатэ, кIуэ пэтми нэхъ гъунэгъу къэхъуу. Аргуэру зы шэ Хьажы-Мурат и джабэ сэмэгум кьытохуэ. Ар кIэнауэ лъабжьэм иогъуалъхьэ, аргуэру къэпталъм бжьэхуц къыдетхыри, уIэгъэм ирекуэ. Укъыззэмылын уIэгъэ къытехуат, абы зыхищIэрт зэрыIэр. ГукъэкIыжхэр, теплъэгъуэхэр егъэлеяуэ псынщIэу зыр адрейм иужь иту абы и акъылым щызэбгэкIырт. Зэм илъагъурт пелуан Абунунцал-Хъан и нэкIущхьэ къраупщIэхар IэкIэ кIэрИыгъуэрэ къамэ кьихакIэ биийм зэрызридзар; зэми илъагъурт зи фэ лъы щIэмыгтыж лIыжь кхъаэ Воронцовыр - абы и нэгу хьилэшыр, зэхихырт и макъ щабэр; илъагъурт и къуэ Юсуф , и фыз Софият, и бий бзаджэ Щамил и нэгу фагъуэри, жьакIагъъэри, и нэ щIэкъуэнцIахэри.

А гукъэкIыжхэр абы и акъылым щызежэрт гурыщIэ лъэпкъ къамыгъэщIу - гущIэгъуи, губжьи, гукъыдэжи. А псор мыхъонэншэ хуэдэт абы и джекIэ мы иджыпсту къыпэщыт Iуэхум елытатуэ. Арати, къару мыкIуэщIыжкIэ гъэнщIа Iэпкъгъэпкъ лъэщым къызыщIидза Iуэхум пищэрт. Кърууэ иIэр зэхелъхьэри, ар къызэфIоувэ, къыбгъэдэлъэда цIыхум треубыдэри кIэрахъуэкIэ йоуэ. ИкIи тохуэ. Зэуар мэджалэ. ИтГанэ кIэнауэм къопщри къамэр IэщIэлъу ар и бийхэм я джекIэ йожьэ. Фоч уэ макъ зыбжанэ къызэIолI, ар бгъэкIэ йощIэри мэджалэ. Милиционер зыхъблым дуней гуфIэгъуэр яIэу джалам джекIэ задэ. Ауэ Iа я гутъам абдежьым зегъэхъеI - япэщIыкIэ пыIэ щыхъэрымыгъыж лъыр къызэжэх щхьэр къеIэт, итГанэ къызэфIоувэ, жьгым йопхъуэри зыщIигъакъуэурэ, и инагъ псокIэ зешэщI. Ар апхуэдизкIэ щынагъуэ къащыхъуати, къыбгъэдэлъадэхэр йоувыкIыж. АрщхьэкIэ Хьажы-Мурат и Iэпкъгъэпкъыр мэтхытх, жьгым къыкIэрохури, зи лъабжьэр щIапщIыкIа банэхум хуэдэу, нэкIукIэ Iубауэ щIым хохуэ. АфIэкIа абы и Iэпкъгъэпкъыр хъеижакъым.

Хъеижакъым, ауэ ар иджыри лIатэкъым. Я Iпэу ящхьэ Гаджи-Ага и къамэдхуэр и щхьэм къыщатехуам, абы къыфIэщIащ уадэкIэ и щхьэм къеуэIауэ, абы къыгурыIуэртэкъым хэт къеуэми сыт щхьэкIэ къеуэми. Абы и акъылымрэ Iэпкъгъэпкъымрэ зэрыщIэжьыртэкъым. Абы иужькIэ абы зыи зыхищIэжакъым, ауэ и бийхэм хаутэрт, яупщIатэрт абы езым и Iуэху лъэпкъ зыхэмылъыж и Iэпкъгъэпкъыр. Гаджи-Ага абы и щIыбыкъэм теувэри тIэу уэгъуэм и щхьэр пиущIащ икIи и вакъэр лъым къимыщIэлэн щхьэкIэ лъакъуэкIэ щхьэр Iуигъэжащ. Пщэ лъынтхуэм плъыжьу, щхьэм фIыцIэу лъыкъуалэр кьижри, удэхэр ирагIащ.

Каргановри, Гаджи-Агаи, Ахъмэт-Хъани, милиционерхэри, хъэкIэкъуэкIэ гуэр къэзыуцIа щакIуэхэм ещхьу, Хьажы-Муратрэ абы и цIыхухэмрэ (Хьэнэфий, Къурбан, Гамзалэ сымэ япхат) я хьэдэхэр къаувыхьауэ, ныи Iугъуэм щIигъэна чыцэм хэту, гуфIэжу зэдэуэрщэрхэт, я текIуэныгъэр ягъэлъапIэу.

Фочауэ макъым дэувыIауэ щыта бзуущхъуэхэми зым гъунэгъуу, адрейм нэхъ жьыжьу я уэрэдыр зэфIащIэжащ.

Мис а IэкIэрт губгъуэ явам къытенауэ и закъуэу пийуэ иту слъэгъуа банэм сэ сигу кьигъэкIыжар.

ЗззыдзэкIаф

МЭЗЫХЬЭ Борисщ.

«Торпедо» (Мзэкуу) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:2 (1:1). Раменскэ. «Сатурн» стадион. Мэлыжьыхьым и 25-м. ЦIыху 1000 ельащ.

Судьяхэр Костевич (Курск), Еровенко (Краснодар), Суховерхов (Воронеж).

- **«Торпедо»**: Конюхов, Новосельцев, Айдов (Тараканов, 65), Князев, Багаев, Стеклов, Микуцкис (Салугин, 58), Кулешов, Тесак, Власов, Шевченкэ.

- **«Спартак-Налшык»**: Цыган, Мэкъуауэ, Костин, Абазэ, Суслов, Рябокобыленкэ, Султонов (Рухайэ, 78), Киреев (Болэ, 81), Чуперкэ, Сирадзе (Бажэ, 68), Панюков (Галин, 75).

Топхэр дагъэкIащ Панюковым, 13 (0:1). Власовым, 45 (1:1), Рухайэ, 88 (1:2).

Дагъуэ къыхуащIащ Киреевым, Галиным, Цыган.

ПРЕМЬЕР-ЛИГЭМ занщIэу къзыгъэхьэ етIуанэ ypыIпIэм щIэбэн «Торпедо»-мрэ «Арсенал»-мрэ зэкIэлъхьэужьу я стадионхэм щIдаджэгуну ди щIалэхэм къахуихуащ. «Спартак-Налшыкым» елъытауэ жьIпIэ хьунущ зэт и насыпэ кIыкIнуми. Абы щыгъуэми мзэкуудэсхэм мы гъэм къапэхъун ялъэ дивизионым хэтхъым икIи ирагъэкIуэкIа джэгуГъуитхуэм щыщу пIым щытекIуэри я лъэр ягъэбыдащ. А лъэхъэнэм кьиурибыдэу «Торпедо»-м и гъуэм зыми топ дигъэкIыфатэкъым. АрщхьэкIэ а Iэхэгъуэм «Спартак-Налшыкым» тригъэкIуэдар дакьикъэ пщыкIущщ. Султонов Мухьэммэд гъуащхьэхъумиплI зэуэ къыззрыпэщIэтым игъэшынакъым. Ар абыхэм яIэщIэкIри, и къару къызэрихькIэ гъуэм еуащ. «Торпедо»-м и гъуащхьэтетым ерагъкIэ топым кьригъэгъэзами, ярэу абы нэса Панюков Андрей къыхуэнэжар бжьигъэр кьызэIуихынырт.

Налшыкдзэсхэр къызэрыгъэжаныкIам зыри хьэлэмэт хэлъхьэкъым. Абыхэм зрамылъэфыхьу джэгур IэкIуэлъакIуэ къыщIадзат икIи мызэ-мытIэу хэгъэрейхэр ягъэзгъэзэну яхузэфIэкIат. «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм псынщIэу топыр зэрызэIэпахым тещанэнгъэр къахуихьат.

Iэмал имыIэу мы зэIущIэм щытекIуэн хуейуэ къызыпщыхъа «Торпедо»-р Iэнкун хъуащ. Иужьу къыщыхъэщIар зыщIигъэпущэжа (нэгъабэ жэпуэгъэум и 23-м) мзэкуудэсхэм я Iуэхум фIы и лъэныкъэкIэ зрагъэзхъуэжыну хущIэкъуащ. АрщхьэкIэ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм Iэпхъыпэ ящIам хуэдэу кIуапIи-жапIи кьратыртэкъым. Абы ирихьэлIэу я хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэ «Арсенал»-м Волгоград щыIэу очкоитI зэрыфIэкIуэдам и хъыбар къаIэрыхьащ. Ди лъахэгъу Аппаев Хьэзыр бжьигъэр зэхуэдэ ищIыжри, «Ротор»-рыр къригъэлат. А хъыбарыфIым хэгъэрейхэр тригъэгушхуащ икIи налшыкдзэсхэм нэхъ ерыщу къебгъэрыкIуэ хъуащ.

Джэгур зэпагъэуным нэсыпат, «Торпедо»-м бжьигъэр зэхуэдэ щищIыжам. Благосвым и зыгъэзи и еуи зы ищIри, «Спартак-Налшыкым» и гъуэр хигъэщIащ. Ар шэчыгъуафIэтэкъым.

Загъэпсэхуу къьихьэжа иужькIи ди щIалэхэр жьыджэращ. Ахэр мыуывIэу ипэкIэ кIуэтэну хущIэкъуат. АрщхьэкIэ хэгъэрейхэми а мурад дыдэр яIэт. Абы джэгур нэхъ хьэлэмэтыж ищIащ. КъыщыщIыхьу щыIэт топыр гъуэм дэкIыным зыри зэран къыхуэмыкъужыкъыну. Ауэ бжьигъэм зыщIихъуэжар джэгум и кIэухырщ. Биджий Хьэсэнбий, хабзэ зэрыхуэхъуауэ, зэIущIэм и иужьрей дакьикъэхэм адыгэ-куржы гупыр къригъэхьащ. Болэ Руслан, Бажэ Амир, Рухайэ Гуджэ сымэ сыт щыгъуи хуэдэу джэгум псэщIэ хальхьэжащ икIи адрей ди щIалэхэр нэхъ трагъэгушхуащ. Абы и фIыгъэкIэ налшыкдзэсхэм тепщэныгъэр яубыдыжащ. ИкIи 88-нэ дакьикъэм Рябокобыленкэ джэгупIэ губгъуэм и кум щыIэу «Торпедо»-м и штрафнойм ит Рухайэ Iэ5эу топыр щыIэригъэхьам хэгъэрейхэр Iэнкун хъуащ. Гуджэ гъущхьэхъумитI къыкIэрыщIа пэтми, яIэщIэкIри, налшыкдзэсхэр япэ иригъэщащ.

Къэнэжа дакьикъэ зыбжанэм «Спартак-Налшыкым» зэрыгъэгушхуэм, IэкъуэлъакIуэу зихъумэжащ. «Торпедо»-м зы Iэмали иIа-кIыным нэгъабэ льандэрэ джэгугъуэ пщыкIутI хъуауэ къызэрыхамыгъэщIам къыпищэну. А лъэхъэнэм кIурибудэу зы топ закъуэ фIэкIа къызэрыхудамыгъэкIа Iуэхугъуэри ди щIалэхэм мэзкуудэсхэм тIууащIу хуагъэбзэгъащ. Иджы «Торпедо»-мрэ «Арсенал»-мрэ къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэм Тулэ щызэйущIэнущи, премьерлигэр занщIэу хэт нэхъ хуэфащэми езыхэм зыхрагъэзэкIыж. Абы щыгъуэми Саранск и «Мордовия»-м, кьэнэжа зэIущIэкIэм къарикIуэхэм емыпльытауэ, етIанэгъэ гуп нэхъыщIхьэм хэтыну хуитыныгъэ къихьакIэщ.

АдэкIэ фыщыдгъэгъуэзэнщ япэ дивизионым хэт кламандэхэр иужьу зэрызэдздэжэгуам къарикIуа бжьигъэжьм. Мис ахэр: «**Уфа**» (Уфа) - «**Химик**» (Дзержинск) - **2:1**, «**Ангушт**» (Нэзрэн) - «**Шинник**» (Ярославль) - **0:2**, «**Нефтехимик**» (Нижнекамск) - «**Газовик**» (Оренбург) - **0:1**, «**Алания**» (Владикавказ) - «**СКА-Энергия**» (Хабаровск) - **0:3**, «**Балтика**» (Калининград) - «**Сибирь**» (Новосибирск) - **0:0**, «**Луч-Энергия**» (Владивосток) - «**Динамо**» (Санкт-Петербург) - **0:1**, «**Салют**» (Белгород) - «**Мордовия**» (Саранск) - **0:3**, «**Ротор**» (Волгоград) - «**Арсенал**» (Тулэ) - **1:1**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» и стадионым щIригъэкIуэкIынущ. Пщэдей, мэлыжьыхьым и 30-м, абы «Уфа»-р курыгъэблэгъэнущ.

ЖЫЛАСэ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщIекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«Мордовия»	32	21	7	4	55-24	70
2.	«Арсенал»	32	18	6	8	57-36	60
3.	«Торпедо»	32	17	7	8	38-17	58
4.	«Уфа»	32	15	8	9	41-34	53
5.	«СКА-Энергия»	33	14	10	9	37-27	52
6.	«Газовик»	33	14	10	9	36-30	52
7.	«Луч-Энергия»	32	14	10	9	33-19	50
8.	«Шинник»	32	14	5	13	37-35	47
9.	«Балтика»	32	12	11	9	32-27	47
10.	«Алания»	32	14	4	14	29-40	46
11.	«Сибирь»	32	12	9	11	32-36	45
12.	«Спартак-Налшык»	32	11	11	10	30-30	44
13.	«Енисей»	32	11	9	12	37-40	42
14.	«Динамо»	32	10	7	15	31-40	37
15.	«Ротор»	32	8	10	14	37-35	34
16.	«Химик»	32	8	7	17	21-45	31
17.	«Салют»	32	6	9	17	23-44	37
18.	«Нефтехимик»	32	5	11	16	30-38	26
19.	«Ангушт»	32	3	5	24	21-63	14

Апхуэдиз дыдэкIи дащыгугъатэкъым

Футбол

«Торпедо» (Мзэкуу) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:2 (1:1). Раменскэ. «Сатурн» стадион. Мэлыжьыхьым и 25-м. ЦIыху 1000 ельащ.

Судьяхэр Костевич (Курск), Еровенко (Краснодар), Суховерхов (Воронеж).

- **«Торпедо»**: Конюхов, Новосельцев, Айдов (Тараканов, 65), Князев, Багаев, Стеклов, Микуцкис (Салугин, 58), Кулешов, Тесак, Власов, Шевченкэ.

- **«Спартак-Налшык»**: Цыган, Мэкъуауэ, Костин, Абазэ, Суслов, Рябокобыленкэ, Султонов (Рухайэ, 78), Киреев (Болэ, 81), Чуперкэ, Сирадзе (Бажэ, 68), Панюков (Галин, 75).

Топхэр дагъэкIащ Панюковым, 13 (0:1). Власовым, 45 (1:1), Рухайэ, 88 (1:2).

Дагъуэ къыхуащIащ Киреевым, Галиным, Цыган.

ПРЕМЬЕР-ЛИГЭМ занщIэу къзыгъэхьэ етIуанэ ypыIпIэм щIэбэн «Торпедо»-мрэ «Арсенал»-мрэ зэкIэлъхьэужьу я стадионхэм щIдаджэгуну ди щIалэхэм къахуихуащ. «Спартак-Налшыкым» елъытауэ жьIпIэ хьунущ зэт и насыпэ кIыкIнуми. Абы щыгъуэми мзэкуудэсхэм мы гъэм къапэхъун ялъэ дивизионым хэтхъым икIи ирагъэкIуэкIа джэгугъуитхуэм щыщу пIым щытекIуэри я лъэр ягъэбыдащ. А лъэхъэнэм кьриурибыдэу «Торпедо»-м и гъуэм зыми топ дигъэкIыфатэкъым. АрщхьэкIэ а Iэхэгъуэм «Спартак-Налшыкым» тригъэкIуэдар дакьикъэ пщыкIущщ. Султонов Мухьэммэд гъуащхьэхъумиплI зэуэ къыззрыпэщIэтым игъэшынакъым. Ар абыхэм яIэщIэкIри, и къару къызэрихькIэ гъуэм еуащ. «Торпедо»-м и гъуащхьэтетым ерагъкIэ топым кьригъэгъэзами, ярэу абы нэса Панюков Андрей къыхуэнэжар бжьигъэр кьызэIуихынырт.

Налшыкдзэсхэр къызэрыгъэжаныкIам зыри хьэлэмэт хэлъхьэкъым. Абыхэм зрамылъэфыхьу джэгур IэкIуэлъакIуэу къыщIадзат икIи мызэ-мытIэу хэгъэрейхэр ягъэзгъэзэну яхузэфIэкIат. «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм псынщIэу топыр зэрызэIэпахым тещанэнгъэр къахуихьат.

Iэмал имыIэу мы зэIущIэм щытекIуэн хуейуэ къызыпщыхъа «Торпедо»-р Iэнкун хъуащ. Иужьу къыщыхъэщIар зыщIигъэпущэжа (нэгъабэ жэпуэгъэум и 23-м) мзэкуудэсхэм я Iуэхум фIы и лъэныкъэкIэ зрагъэзхъуэжыну хущIэкъуащ. АрщхьэкIэ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм Iэпхъыпэ ящIам хуэдэу кIуапIи-жапIи кьратыртэкъым. Абы ирихьэлIэу я хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэ «Арсенал»-м Волгоград щыIэу очкоитI зэрыфIэкIуэдам и хъыбар къаIэрыхьащ. Ди лъахэгъу Аппаев Хьэзыр бжьигъэр зэхуэдэ ищIыжри, «Ротор»-рыр къригъэлат. А хъыбарыфIым хэгъэрейхэр тригъэгушхуащ икIи налшыкдзэсхэм нэхъ ерыщу къебгъэрыкIуэ хъуащ.

Джэгур зэпагъэуным нэсыпат, «Торпедо»-м бжьигъэр зэхуэдэ щищIыжам. Благосвым и зыгъэзи и еуи зы ищIри, «Спартак-Налшыкым» и гъуэр хигъэщIащ. Ар шэчыгъуафIэтэкъым.

Загъэпсэхуу къьихьэжа иужькIи ди щIалэхэр жьыджэращ. Ахэр мыуывIэу ипэкIэ кIуэтэну хущIэкъуат. АрщхьэкIэ хэгъэрейхэми а мурад дыдэр яIэт. Абы джэгур нэхъ хьэлэмэтыж ищIащ. КъыщыщIыхьу щыIэт топыр гъуэм дэкIыным зыри зэран къыхуэмыкъужыкъыну. Ауэ бжьигъэм зыщIихъуэжар джэгум и кIэухырщ. Биджий Хьэсэнбий, хабзэ зэрыхуэхъуауэ, зэIущIэм и иужьрей дакьикъэхэм адыгэ-куржы гупыр къригъэхьащ. Болэ Руслан, Бажэ Амир, Рухайэ Гуджэ сымэ сыт щыгъуи хуэдэу джэгум псэщIэ хальхьэжащ икIи адрей ди щIалэхэр нэхъ трагъэгушхуащ. Абы и фIыгъэкIэ налшыкдзэсхэм тепщэныгъэр яубыдыжащ. ИкIи 88-нэ дакьикъэм Рябокобыленкэ джэгупIэ губгъуэм и кум щыIэу «Торпедо»-м и штрафнойм ит Рухайэ Iэ5эу топыр щыIэригъэхьам хэгъэрейхэр Iэнкун хъуащ. Гуджэ гъущхьэхъумитI къыкIэрыщIа пэтми, яIэщIэкIри, налшыкдзэсхэр япэ иригъэщащ.

Къэнэжа дакьикъэ зыбжанэм «Спартак-Налшыкым» зэрыгъэгушхуэм, IэкъуэлъакIуэу зихъумэжащ. «Торпедо»-м зы Iэмали иIа-кIыным нэгъабэ льандэрэ джэгугъуэ пщыкIутI хъуауэ къызэрыхамыгъэщIам къыпищэну. А лъэхъэнэм кIурибудэу зы топ закъуэ фIэкIа къызэрыхудамыгъэкIа Iуэхугъуэри ди щIалэхэм мэзкуудэсхэм тIууащIу хуагъэбзэгъащ. Иджы «Торпедо»-мрэ «Арсенал»-мрэ къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэм Тулэ щызэйущIэнущи, премьерлигэр занщIэу хэт нэхъ хуэфащэми езыхэм зыхрагъэзэкIыж. Абы щыгъуэми Саранск и «Мордовия»-м, кьэнэжа зэIущIэкIэм къарикIуэхэм емыпльытауэ, етIанэгъэ гуп нэхъыщIхьэм хэтыну хуитыныгъэ къихьакIэщ.

АдэкIэ фыщыдгъэгъуэзэнщ япэ дивизионым хэт кламандэхэр иужьу зэрызэдздэжэгуам къарикIуа бжьигъэжьм. Мис ахэр: «**Уфа**» (Уфа) - «**Химик**» (Дзержинск) - **2:1**, «**Ангушт**» (Нэзрэн) - «**Шинник**» (Ярославль) - **0:2**, «**Нефтехимик**» (Нижнекамск) - «**Газовик**» (Оренбург) - **0:1**, «**Алания**» (Владикавказ) - «**СКА-Энергия**» (Хабаровск) - **0:3**, «**Балтика**» (Калининград) - «**Сибирь**» (Новосибирск) - **0:0**, «**Луч-Энергия**» (Владивосток) - «**Динамо**» (Санкт-Петербург) - **0:1**, «**Салют**» (Белгород) - «**Мордовия**» (Саранск) - **0:3**, «**Ротор**» (Волгоград) - «**Арсенал**» (Тулэ) - **1:1**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» и стадионым щIригъэкIуэкIынущ. Пщэдей, мэлыжьыхьым и 30-м, абы «Уфа»-р курыгъэблэгъэнущ.

ЖЫЛАСэ Заурбэч.

Хъуэхъу



Шэрэдж Ищхьэрэ (Къуэжьыкъуей) Ищхьэрэ къуажэм щыщ зэщхьэгъусэхэу Хьжьокъуэхэ Хьэзритрэ Хьэсибэрэ зэрызэдзэпсэуэрэ илъэс 50 ирокъури, дохъуэхъу

ПщIэ зыхуэтщI ди адэ-занэм, гуащэ-тхъэмадэм, дадэнанэм лIэщыгъуэ ныкъуэ гъуэгуанэ кьызэддефхьэкIащи, ди гуапэу дыныбохъуэхъу. ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэкрэ, хабзэрэ нэмысрэ щызекIуэ, зи мафIэр мыуыжьыс унагъуэ лъэщым фрихъумакIуащи, фызиплIыр жьэгур уардэ унэу, фи Iэнэгум берычэтыр щытепщэу, гъащIэм гу щыфхэузэ абы и Iэфыгъэ псори зыхъэрэщIэу, фи быным, абыхэм къатепщыкIыжьажэм, фи гукъыдэжыр къэзыIэт фи щIэблэм я насыпым, ехьулIэныгъэхэм фригушхуэу, фызэкъуэту дунейм гу щыфхэузу ди гуапэщ. Фи пщIэр лъагэу илъэс 50 хуэдэу фыкъызэддогъуэгурыкIуэри, гъащIэшхуэ къэвгъэщIэну, псэр зыщIэхъуэпсу фIыгъуэмкIэ Тхъэр къыфхэуэпсэну дныныбохъуэхъу.

Фи къуэ Заурбий, нысэ Заремэ, къуэрылъхуэху Азэмэт, Аленэ, Дисанэ цIыкIу.

Хьэ гъэсахэм яхуэзэфIэкIыр

Тезырхэр ирегъэхьэкIынымкIэ федеральнэ Iуэхущапэм и управленэу КъБР-м щыIэм и кинологхэм я хьэщIащ «Зыплъыхьакъуэхэм я академие» сабий туризмэмкIэ центрым и еджакIуэхэр.

КъБР-мкIэ УФСИН-м тезырхэр щагъэзэкIуэж и колание №1-м и кинолог хуэдизыр и лжьакIуэхэм ныбжьыщIэхэр гуапэу ирагъэблэгащ, я лэжьыгъэм, я дэIэпыкъуэгъу хьэ гъэсахэм я кьалэнхэр зыхуэдэм щыгъуазэ ящIащ.

ШколакIуэхэм хьэхэр щаIыгъ, щагъасэ щыпIэхэм зыщапльыхьащ. Абыхэм ирагъэлъэгъуащ IэщIагъэлI-кинологхэм хьэ гъэсахэр ящIыгъуу хабзэмебэкъуахэр (щIэпхъаджащIэхэр) къыщаубыдкIэ, къыщIэхуауэ транспортым зыщызыгъэпщкIуэр къэгъуэтыным, нэгъуэщIхэми теухуауэ ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэр. Къыщыпэмыщ1ауэ ныбжьыщIэхэм я нэгу щIэкIащ наркотикхэкI кьэлъыхьуэным хухэха хьэ гъэсам зэфIих лэжьыгъэр зыхуэдэр.

ИК-1-м и унафэщIым и къуэдзэ къэрал кIуэцI къулыкъум и подполковник Батl Анзор ныбжьыщIэхэм яхутепсэлъыхьащ хьэхэр сыт хуэдэ ныбжьым гъэсэн щIадзэми, абыхэм кьапэщылъ Iуэхум нэсу хащIыкIыным зэрыхуэхьэзырми. БатIым кьызэрыхигъэщамкIэ, езыхэм я пIэм иувэну я Iэщlагъэм дихьэха, ар зыIэрыгъэхьэным хущIэкъунухэр щколакIуэхэм я деж къыщыпльхьэным хуейщ.

- Мыпхуэдэ зыплъыхьныгъэхэм я фIыгъэкIэ Iэщlагъэ ящхьэхунэр кьыхэхьыныкIэ щIыкIуэм гукъыдэж ящI, - къыхигъэщащ сабий туризмэмкIэ центрым и унафэщI Карапышовэ Маринэ, Урысей ФСИН-м и Iуэхущlапlэу КъБР-м щыIэм и унафэщIхэм защыхуигъазэм. Апхуэдизуэ жиIащ дяпэкIи я зэдзлэжьэныгъэхэм кьыпащэну зэрыщыгугъэр.

ЗЭБАР Мадинэ.

Гъуэгу шынагъуэншагъэр къыззрагъэпэщ

КъБР-мкIэ МВД-м и УГИБДД-м щыIэхалъхьэжащ «Пъэс зэпрыкIыпIэ» республикэ Iуэхугъуэм къарикIуахэр.

2014 ГЪЭМ мэлыжьыхьым и 22-м сыхьэти 8-м щыщIэдзауэ сыхьэт 13 пщIондэ ирагъэкIуэкIащ пъэс зэпрыкIыпIэхэм гъуэгу-транспорт къэхъуакIащIэхэр кьыщIамыгъэхъуным, езы пъэсырыкIуэхэм гъуэгум зэрыщIэкIуэ хабзэхэр кьызэпамыудыным хузэнэтIа «Пъэс зэпрыкIыпIэ» республикэ Iэхъугъуэр.

А сыхьэт бжьигъэм кьриурибыдэу административнэ хабзэр кьызэпаудауэ 300 кьыщIагъэщащ. Абыхэм ящыщу 39-р рулым дэсхэр пъэсырыкIуэхэм гъуэгур хуит зэрыхуамыщIарц. Езы пъэсырыкIуэхэм транспорт гъуэгум зэрызэпрыкI хабзэхэр 40-рэ кьызэпаудащ.

Гъуэгум щызекIуэхэм драгъэкIуэкIащ пъэс зэпрыкIыпIэхэм зэрызыщыIыгъэпхъэ хабзэхэм теухуа псалъэмакъэр.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министертсвэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), ЖьакIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Изэ.

Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэм я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щIэхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущlапlэхэм ядлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэдэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущlапlэм -42-26-41; суэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм ящыщыхьа бжьигъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатным и хунтыныгъэр зыхъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьхэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня,** *редактору* **Нэщlэпыджэ Замирэ,** *корректорхэру* **Афэ Тамарэ** *(1, 3, 6 -нэ нат.),* **Iхьатlыкl Азэмэт** *(2, 4, 5-нэ нат.), корректорхэм я дlэныкъуэгъу* **Мырэзкъан ФатIимэ.** *Компьютерхlэ газетым и теплъэ ящIащ* **Щомахуэ Марианнэ, Ныр Санд, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *суэттхэм елэжьыр* **Къарей Элинэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

**Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м